

# Sempular

*mbangun bangsa lumantar budaya*



DINAS KEBUDAYAAN  
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Nomor: 28/I-2017

## Nyurasa Tumangkaring Wayang

■ Akeh Ontran-Ontran  
Merga Bumi Arang  
Krungu Gamelan

■ Sri Sultan: Mikir Wayang  
Pasrahke Para Mudha

**jogja**  
*istimewa*

**Tangkar-tumangkaring Wayang****Salam Budaya.**

**AERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA**, duwe pawitan gedhe tumrap tangkar-tumangkaring budaya wayang. Taun 2003, budaya wayang wus katetepake dening UNESCO pinangka warisan budaya lisan unggul, rumpakanan budaya tanwujud.

Wayang warisan budaya sakngalam donya. Masterpiece of Oral and Intangible Heritage of Humanity. November 2003 wayang katetepake mlebu Representativ List of the Intangible Cultural Heritage of Humanity, dening UNESCO (United Nations Educational, Scientific, and Cultural Organization). Mula, budaya wayang wis kakukuhake pinangka warisan budaya bangsa Indonesia kang katampa dening bangsa-bangsa ing salumahing bumi.

Budaya wayang saiki wis ngrembaka sumebar ing sadhengah papan, kepara malah wus salin wujud nangging tansah ora kelangan watak wantuning wayang, jatidirining wayang. Salin wujud ing babagan rumpakanan pepethan wayang, ana kang ginawe saka kulit, dluwang, deling, kerduhs, karton, kayu, godhong, kulit kayu, serat, sada, suket, damen, wesi, karet, platik, nganti wujud wewayangan soroting lampu, silhuet, lan sinematografi-film. Malah, laras karo majuning jaman, wayang uga rinumpaka nganggo teknologi komunikasi lan informasi (TIK) – migunakake database, animasi, lan aplikasi kang sarwa-sarwi digital. Wayang uga ngecakake maneka warna wira carita, ora mung mligi Ramayana, Mahabharata, Panji, lan Menak. Wayang kang wis sumrambah ing sadhengah papan uga kango mbabar wira carita, cundhuk kalawan sedyaning lakon lan wadananing wayang. Ana kang ngaturake lakon fabel, dongeng sato kewan (Wayang Kancil). Lakon sujarah Jawa (Wayang Babad). Lakon sujarah kamardikan (Wayang Republik). Lakon perang nglawan penjajah (Wayang Diponegoro). Uga ana wayang kang kango siar agama (Wayang Sadat lan Wayang Wahyu). Lakon uga bisa kapethi saka kahanan jaman saiki (Wayang Kampung Sebelah). Wayang kang milih lakon carita rakyat (Wayang Legenda). Wujuding wayang uga digawe maneka warna lan wujud. Ana Wayang Rai Wong, Wayang Rai Dhalang, lan wayang-wayang kontemporer, manut saka kersane kang ngripta (Wayang Hip Hop, lsp). Bakune, wayang iku ora mligi wayang purwa lan ringgit wacual (kulit).

Wayang iku temene uga ngandhut pitutur luhur, piwulang jati, kebak ing pangawikan lan kawruh, isi kagunan luhung. Mula ora tembung aneh, yen wayang tansah netut laku jantranan manungsa. Wayang bakal tansah ana, urip, lan sumebar. Majalah SEMPULUR tansah jumurung lampah plajaring wayang. Wayang, warisan budaya bangsa kang tuhu kudu kaantebi kango nuhoni sangan wajibing trah utama. DIY duwe pawitan gedhe kango ngudi tangkar tumangkaring budaya wayang. Sumangga.

**UMAR PRIYONO, M.Pd.**


Pemimpin Umum/Penanggung Jawab

Pemimpin Umum/ Penanggung Jawab: **Drs. Umar Priyono, M.Pd.** • Pemimpin Redhaksi: **Erlina Hidayati, S.IP., MM.** • Wakil Pemimpin Redhaksi: **Suraya** • Redaktur: **Dhanu Priyo Prabowo, A.Y. Suharyono, Purwadmadhi** • Penyunting Naskah: **Drihardono, Joko Budhiarto, Ardini Pangastuti** • Reporter: **Sakiyo, Sumarno, Albertus Sartono** • Sekretaris Redhaksi: **Satriyo Raharjo** • Sekretariat: **Uttungga Dewi, Daru Sukendro, Titik Madyaningsih, Trisno Sujadi** • Layout: **Nathan DP, Lathif Cahyono** • Juru Gambar: **Ifid Khusnul**

Alamat Redhaksi: **Jalan Cendana 11 Yogyakarta, Kode Pos 55166, Telepon (0274) 562628, Faksimili (0274) 564945**  
Website: [www.tasteofjogja.org](http://www.tasteofjogja.org), Pos-el: [redaksi.sempulur@gmail.com](mailto:redaksi.sempulur@gmail.com)

**TONTONAN TUNTUNAN TATANAN****6****Wayang pancer tontonan kang mawa tuntunan bab tatanan.**

Katelune kudu imbang, mranata urip kang guniga.

**INOVASI DILARANG, SENI MATI****8****Yen inovasi ing tradhisi dilarang, seni tradhisi bakal mati.****MANUNGSA PRAYOGA NARIMA****24**

Basa Jawa, Sastra Radhio, Sandiwara Radhio, kaandharake dening para winasis ing babagan basal an giyaran radhio.

**DIAJAK MANCING****41**

Laku tindake Ki Ageng Sela ing Kadiraja

**BOCAH SRAWUNG WAYANG****48****Nonton gelar wayang beber lan gambran putran wayang beber Gelaran.**

Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legenda, cerita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca.

Alamat kirim:  
[redaksi.sempulur@gmail.com](mailto:redaksi.sempulur@gmail.com)  
utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.

Gubernur DIY Sri Sultan HB X paring ada-ada mucuki anggone 1000 bokeh mayang ing "Sandhing Dhalang 1000 Bocah" = pahargyan JIHF 2017 ing Tugu Yogyakarta. (foto-fid)

# BALE SIGALA-GALA


cergam Mulyantara

PATIH SENGKUNI (RAYINE DEWI GENDARI) UGA SENGIT BANGET MARANG TURUNE PANDHU, AWIT NALIKA MBEGAL PANDHU SING BALI SAKA MANDURA NGANTHI PUTRI BOYONGAN LORO, ORA KASIL. KAPARA PRABU GENDARA (KADANGE TUWA) SEDA ING TANGANE RADEN PANDHU.



SAIKI PRABU PANDHU WIS SEDA. NGIGIT-IGITE SENGKUNI TUMUNU MARANG PUTRA-PUTRANE PANDHU: 1. PUNTADEWA, 2. BRATASENA, 3. PERMADI, 4. PINTEN, 5. TANGSEN. SENGKUNI DARBE SEDYA NYIRNAKAKE PANDHAWA SAKA LUMAHING BUMI.

SEWU CARA BAKAL DAKTEMPUH.



# Sempulur

*mbangun bangsa lumentar budaya*

## Kibar Laskar Perang Jawa 1825-1830

Utusan DIY sasap kakepyakake minangkan Juara Umum, Parade Keprajuritan ing Jakarta. Kontingen DIY ngaturake pawai Laskar Pangeran Diponegoro kang gawe pangentha-entha laskar rakyat nalika mungsuh Walanda ing De Java Orloog, 1825-1839. (foto-dok Disbud DIY).



ISSN 2085-2673



9 772085 267005

[www.tasteofjogja.org](http://www.tasteofjogja.org)

# Sri Sultan HB X : Mikir Wayang, Pasrahke Para Mudha



Sri Sultan HB X bareng para pangarsaning budaya lan bocah-bocah mayang sawetara. (foto-fid)

**S**RI Sultan Hamengku Buwono X, ngendika sanajan wayang duwe daya sengsem kang nut ing jaman, nanging ora teges bisa kuwagang lan mrantasi ngayahi sanggem kabutuhane jaman saiki. Mula, kudu kaudi supaya wayang tansah sinengkuyung dening kang padha remen mriksani. “Apa kelakuane sawetara dhalang kang seneng ngowahi *Gara-gara* nganggo *entertainment murahan*, ngatonanke solahé penyanyi dhangdhut bisa dadi cara kang laras? Kaya-kaya luwih gawe banget rasa tidha-tidha,” ngendikane Sri Sultan HB X ing naskah sesorah ing Seminar Internasional “Menghidupi Wayang Abad XXI” sing mapan ing Gedung Pracimosono, Kepatihan.

Sri Sultan HB X paring tuladha, yen padha yasa konser Bach utawa Beethoven rak ya ora perlu bareng nyisipake The Beatles sanajan lagune ya unggul mutune. Mula, yen padha mikir wayang, prayogane tansah ngajak bareng para mudha. Tumrap bangsa Indonesia, miturut ngendikane Sri Sultan, budaya wayang ngadhepi ruwet renteng kang cetha. Yaiku, wayang satemene ora duwe nilai kang jangkep kaya kang kabutuhake dening masarakat modheren.

Wayang uga ora akrab kalawan para pengusaha, rakyat, lan dhemokrasi. Kasunyatan iki ora kena kango pawadan nyalahake wayang awit wayang pencep tuwuhan ing jaman agraris kang linambaran budaya lisan, nalika masarakat durung kenal budaya pop, budaya instan, lan multi-medhia. “Pancen, sang jaman iku ora bisa kapeksa kudu pratitis wicaksana, banjur bisa gawe rancangan paduga kahanane manungsa ing tembe, sewu taun mengkone,” ngendikane Sri Sultan.

Wayang, ngedikane Sri Sultan, wiwit taun 1970-an saktemene wis tarung tandhing sak pengarep kalawan televisi. Televisi pinangka wajining pratandha masarakat modheren. Wayang uga kudu tandhing kalawan budaya instan, laku kang sarwa suka sakdek saknyet (*instan*). Jagat pewayangan uga pindha lampahing andhong lan gerobag, kawistara alon. Kamangka kahanan jaman wis pindha pesating montor balap, mobil balap formula, sepur, montor mabur, kang sinanga rumpakan anyar teknologi informasi (TI) saben setengah jam. “Bantere bumi ngubengi srengenge tetep lan ora tambah banter, kang tambah banter banget iku solah bawa uripung manungsa. Kahanan kang kudu sarwa cepet, paribasane kudu bisa ngganti ban sinambi mobile

tetep mlayu banter," ngendikane Sri Sultan paring paribasan.

Ngendikane Sultan, wayang pancen ngadhepi pacoban kang mirungan. Mula, sepisan, kudu gelem laras karo ombyaking kahanan lan nampa anane "wayang anyar" kanthi resiko kelangan makna. Utawa, kapindho, wayang tradhisional kudu adu arep kalawan modhernisasi kang linambaran "sosio-psiko-ekonomi" komunikasi gagrak anyar uga. "Undhuh-undhuhane, yen ora kuwagang laras karo lajuning kahanan kang ginawa dening generasi milenial, bakal tuwuhan rasa was sumelang wayang bakal mlebu museum, mung dadi barang kang pinajang," ngendikane Sultan.

Sri Sultan uga paring penget, wayang iku rumpaka agung nilai (*value*) bangsa Indonesia. Wayang iku ekspresi nilai-nilai masarakat kang memangung jati diri budaya bangsa. Globalisasi lan ICT (*information and communication technology*) duwe pangaribawa gedhe tumrap mobah mosiking wayang. Wayang minangka seni tontonan kang duwe panjangka gawe sengsem lan langen, uga banjur owah saka padatan. Kang geseh ora winates ing babagan langen kang paring wulang moralitas kang kaasta lan kareksa dening dhalang, nanging uga nganti tekan ing trep-trepaning para dhalang nalika babar pakeliran ing panggung. "Nanging, kang wigati, para dhalang tansah tetep madeg dadi dhalang sejati, lan ora mung sadrema tukang mayang," dhawuhe Sri Sultan tandhes. **(pdm)**



# Wayang kang Tansah Sempulur

**W**AYANG ing madyaning bebrayan Jawa ora mung dadi wujuding kagunan (seni) nanging dadi perangan urip. Mecaki sejarane wayang, mligine wayang ing Ngayogyakarta, ana sing prelu dieling-eling jalanan iku dadi pratandhane yen ing Daerah Istimewa Yogyakarta dadi kutha kabudayan sing kreatif.

Wus kasinungan ing madyaning bebryan Jawa menawa Ngayogyakarta lan Surakarta iku nduweni cengkok, gagrak, utawa gaya dhewe-dhewe sing mligi lan khas. Beda-beda gagrak mau bisa kasimak saka wujude wayang (wanda, tatahan, sunggingan, lsp) lan unsure audio-visuale (sabetan, janturan, ginem, crita, lsp). Wiwitane ana beda-beda antara Ngayogyakarta lan Surakarta ing babagan pakeliran iku kawiwitana nalika Sri Sultan Hamengku Buwono VIII kepareng ngedegake Habirandha (Hanindakake Biwara Rancangan Dhalang), 27 Juli 1925. Pamulangan dhalang iku kawitane dipangarsani dening B.P.H. Suryodiningrat lan K.R.T. Joyodipomo. Dene pangagenge R.M. Gondo Atmojo. Amarga kanggo pamulanga, mula pakeliran ing Ngayogyakarta sisteme banjur ditata lan diracik, upamane ing babagan suluk, tabuhan, cepeng-sabete, lakon, lsp.

Pakeliran gagrak Ngayogyakarta sateruse ditegesi gagrak sing dianggo ing pamulangan dhalang ing kraton Ngayogyakarta. Manut K.R.T. Cermo Widjokusumo, saka pamulangan Habirandha banjur lair Sulukan Sri Tinon Suluk Pathet Nem Wetah kanggo jejer sepisanan. Sateruse, gagrak Ngayogyakarta beda ing bagagan pakeme. Yen Surakarta ngango Serat Pustaka Raja Purwa, dene yen Ngayogyakarta nganggo kagungan dalem Serat Purwakanda yasane Sri Sultan Hamengku Buwono V. Ing Habirandha, pakem ora mung ditegesi sumbering crita, nanging pakem uga sinebut tatacara cak-tumiindake (sistem) pakeliran.

Ing babagan iringan antarane gagrak Ngayogyakarta lan Surakarta uga beda sing katon banget ing slepegan. Kekarone nganggo pathet nem nanging slepeg lasem Surakarta lan slepeg dalem Ngayogayakarta thuthukane beda. Wayang gagrak Ngayogyakarta ana sing ngarani wayang mlaku (*jangkah*) dene gagrak Surakarta diarani wayang tanceb. Saka posisine wayang nalika ditancebake ing debog, wayang Ngayogyakarta rada solak *ndangak* (sikil ngarep tumemplek siten-siten nanging tungkak mburi ambles/nyemplung), nanging gaya Surakarta luwih luruh jalanan posisi wayang tanceb. Kejaba iku, wayang-wayang Ngayogyakarta yen kasawang katon lemu tinimbang wayang Surakarta sing wiwing (kuru).

Uga ana ing putren. Yen wayang Ngayogyakarta wirone jarike tiba ngarep, yen wayang Surakarta wirone tiba mburi klarah-klarah.

Gesangging sabet pakeliran gagrak Ngayogyakarta iku luwih ditemtokake dening keprakan. Luwih cetha maneh manawa isih sajrone pathet nem, keprakan Ngayogyakarta mesthi nganggo keprakan dudukan. Dene gagrak Surkarta, gesaning sabet luwih diditentomtake dening kendhang. Pancen, sadurunge Habirandha madeg, keprak Ngayogyakarta lan Surakarta padha (rangkep). Kejaba iku sempala bungkul uga kagawe saka kayu. Yen Surakarta engga saiku tetep saka kayu, dene pakeliran Ngayogyakarta sempalane kagawe saka wesi jalanan keprake mung sawilah sing kandel-tipise wis ditata gegandhengan karo laras, upamane pathet nem lan manyura. Mula digawe nunggal laras karo iringan supaya kepenak dirungokake lan kango cathetan dhalang babngeng.

Saperangan tandha bedane gagrak Surakarta lan Ngayogyakarta kasebut nuduhake menawa para seniman ing wewengkon mau padha ngetog kreativitas saperlu kanggo ngatonake semono dhuwure kagunan wayang utawa pakeliran. Sanajan beda, gagrak Ngatogyakarta lan Surakarta ora banjur padha campuh kang tundhone ngilangi kaluhurane kabudayan Jawa. Mesthine, kreasi-kreasi anyar saka para dhalang jaman saiki bisa luwih maju maneh, saengga wayang ora mung minangka tuntunan, nanging uga tontonan sing bisa mbabarake pathisarine kabudayan Jawa sawutuhe ing madyaning masarakat.



## Tontonan, Tatanan, Tuntunan Rakit Paugeran kang Imbang

- Prof. Dr. Kasidi Hadiprayitno paring warah werdining tontonan, tatanan, lan tuntunan ing pewayangan.

Tontonan, tatanan, lan tuntunan iku tembayataning paugeran kang jangkep lan utuh. Katelune ora pantes pinisah, kudu digawe imbang, dicakake bareng katelune, lan dadi patrap wigati ing pakeliran. Ing antarane tontonan, tuntutan, lan tatanan ing gelar seni pewayangan pantes tansah ginawe wradin warata utawa proporsional. "Nanging, kasunyatan ing tengahing masarakat, saiki tinemu beda, ngadoh saka pangangkah gelar wayang kang mutu," ature Prof. Dr. Kasidi Hadiprayitno.

Miturut Prof. Kasidi, tontonan-tatanan-tuntunan iku rakit-sambung estetik gelar wayang. Rakit-sambung kang ora pinisah antarane tontonan-tatanan-tuntunan iku duwe pangaribawa gedhe tumrap mutu gelar wayang. Wasis anggone rakit-sambung katelune iku kudu dadi sangune para dhalang. Rakit-sambung estetik ora winates bab paugeran rasa endah, nanging uga pinangka wewayanganing paugeran etik, pratandhabudiluhuring manungsa.

Bab rakit wayang pinangka tontonan, panggung karakit memper panggung tontonan modheren, semune katon mompyor jor-joran, ricikan lan racikan gamelane katambah, swarawatine jejer akeh katon ayu, nyandhang lan dandan apik,

kelir jembar tur dawa, simpungan wayange akeh tur diprada emas, katambah lampu-lampu sorot maneka warna, lan kabeh katon glamour. Uga dhalang anggone ngecakke pakeliran, regeng lan gayeng. Mula, miturut Prof. Kasidi, ora lidhok yen maknaning tembung tontonan ing wayang kaya jinarak pancen winates pinangka lelangen utawa hiburan bae. Wayang wis geseh dadi tontonan kang winates pinangka hiburan (*entertain*), wis lumampah lawase udakara 30 taun (3 dekade)



Prof. Dr. Kasidi Hadiprayitno (foto-fid)

"Pengertosan bab tontonan kedah dipunudi tumuju dhumateng wulangluhur, nilai-nilai moral, saengga wayang saget lumintu lestari pinangka tontonan ingkang caos tuladha pandoming gesang lumantar garap seni adiluhung," ngendikane Guru Besar ISI Yogyakarta ing Seminar Internasional "Menghidupi Wayang Abad XII". Seminar kaadani ing Jogja International Heritage Festival (JIHF) 2017. Miturut Prof. Kasidi, tumrap para dhalang ingkang taksih nengenaken dhumateng wulang luhur amrih tetap jejeging adeg moralitas pakeliran, seni wayang temenipun saripati saking pangertosan bab silulungan, inggih menika kasampurnan tumujusedya manunggalkang langgeng.

### Tatanan

Tatanan, iku satemene tansah lumintune sambunging manungsa lan alam kang nuwuhake pengalaman, kalebu pengalaman estetik. Sambung lakuning manungsa nuwuhake kahanan kang tertib, imbang lir gumanti. Tansah lumintu, ajeg, lan tertib lir gumanti. Tatanan tumrap Prof Kasidi, ngemu surasa tumataning kahanan tertib lan teratur kang bisa tansah rumeksa jagating pewayangan. Tatanan ora winates ing wujud kang kasat mata, nanging uga kang wujud kawruh lan pranata luhur kang kamot ing wayang. Tertib-teratur, iku wujud estetika tatanan.

Prof. Dr. Kasidi paring conto, bab tata cara nata gemelan. Kayata, ricikan tabuh siji, wujud saron, demung, peking, kenong, kempul, gong, lan kendhang, ora katata pisah adoh, kudu kacedhakake. Amarga, saperangan ricikan iki nuwuhake suwara seru, mula kudu katata cedhakan supaya bisa kaperdi rampak unine nalika katabuh. Panataning gamelan wae duwe paugeran estetika, tatatanan baku laras karo watak ungeling swara. Panataning rancakan, wilah, pencon, gesek, pethik, sebul wus kapetung kanthi permati, ora nggugu karepe dhewe. Uga wajib lenggah sila tumrap para niyaga, ngemu surasa tertib-teratur utawa tatanan kang duwe daya pangaribawa gedhe tumrap ungel lan uleming gangsa nalika katabuh. "Kenging menapa gangsa mboten pun tabuh kaliyan jumeneng? mBoten winates bab suba sita tata krama, nanging

ugi wonten pentang tumrap ungeling gangsa," pitakenipun Prof Kasidi.

Tatakrama Jawa kan baku, miturut Prof. Kasidi, wujud unggah ungguh, empan papan, lan angon tinon. Unggah ungguh, wujud udanegara utawa tatakrama tingkah laku lan tutur basa. Empan papan, patraping suba sita trapsila tingkah laku lan undha usuking tutur basa, miturut papan panggonane, kalenggahan lan yuswaning para kang sinewa. Angon tinon, tingkah laku lan tutur basa kang karang karo kahanan lan swasana

Tatanan ing pewayangan bisa dadi tuntunan tumrap kang pada mriksani (nonton). Trep yen tontonan wayang tansah paring wulang satataning gesang murih bisa dadi sumber tuntunan masarakat.

Seminar Wayang JIHF2017 (foto-fid)



## Wigatining Dhokumentasi Wayang

● Seni tradhisi kudu tansah kaudi tumangkare, sebab yen inovasi kalarang, seni tradhisi bakal mati

**M**IGUEL Escobar Varela, ngendika, sujarah wayang kulit iku sejatine sujarah inovasi. Ana pandhemen wayang kang remen marang yasan anyar, nanging uga ana kang nolak. Riptan wayang anyar ing abad XXI, miturut priyayi kang ngasuh Arsip Wayang Kontemporer ing Singapura iki, katon luwih drastis katimbang abad-abad sakdurunge. Nanging, kepriye bae, kreativitas iku amerta wayang kulit. "Kanggo nelesih laku jantraning wayang ing jaman saiki kang temen kudu kawigatekake, yaitu dhokumentasi," ngendikane ing pasamuan Jogja International Heritage Festival (JIHF) 2017.

Meturut Mas Escobar, dhokumentasi bakal gawe daya murih, (1) tansaya akeh wong kang padha mangerten iiptan wayang anyar dening para dhalang; (2) dhokumentasi bisa kagem bahan mulang (materi ajar) babagan wayang; (3) supaya dadi tepapalupining para generasi dalam kontemporer.

Arsip Wayang Kontemporer bakal ngrumpaka paugeraning wayang kontemporer. Nanging, winates ngumpulke rekaman wayang kontemporer kang kaangkah bisa dadi rujukan pamulangan, pandhemen wayang, lan bisa dadi sumber ilham para kreator wayang. Miguel Escobar Varela uga ngemutake, akeh tradhisi kang wus musna, amarga inovasi dilarang. Seni tradhisi kudu tansah kaudi tumangkare, sebab yen inovasi kalarang, seni tradhisi bakal mati. Pancen akeh kang padha ora remen marang iiptan wayang anyar, padha keweden para dhalang kontemporer ngrusak wayang. "Ora perlu wedi, yen ora ana sing gelem ngrusak tradhisi, tradhisi ora bakal tetep ana," tembunge Mas Escobar. Nanging Mas Escobar uga wanti-wanti, amrih tradhisi tetep bisa kauri-uri, kudu sinartan wulang kang sayekti tumrap generasi mudha babagan karawitan, basa pedhalangan, seni rupa



Miguel Escobar Varela (foto-fid)

### ARSIP WAYANG KONTEMPORER

*Contemporary Wayang Archive, Singapore*

Miguel Escobar Varela, wiwit ngumpulake rekaman wayang taun 2008. Kawitan saka karep pribadhi nangin banjur sinengkuyung wong akeh. Wiwit tahun 2012 didanai Menteri Pendidikan Singapore lan kasengkuyung dening IVAA Yogyakarta. Penasihat Riset: Yoshi Fajar Kresno Murti, Eddy Pursubaryanto lan Honggo Utomo. Penerjemah Utama: Novi Yosephin Marginingrum. Edhitor penerjemah, Steven Burell, Indraswari Kusumaningtyas, Thiomas Sembodo, Jozina Vande Klok, Egbert Willem Witts, Sietske Rijkkema, lan Revino Citra Hebrina. Arsip Wayang Kontemporer bisa kanggo sapa bae kang kepengin mriksana iiptane para dhalang kotemporer, sinau sujarah wayang kontemporer, lan golek ilham kanggo gawe iiptan anyar.

wayang, kang tlonjunge padha remen mriksani wayang klasik apadene wayang kontemporer. "Banget pentinge anggon kita tansah ngupadi teges lan maknane wayang kotemporer lan pigunane wayang kontemporer ing tembene."

"Bisa duwe rasa seneng, panjurung marang wayang Hip Hop kudu ngerti lakon wayang, paribasan tembung-ukara Jawa, lan sulukan. Wayang kontemporer bisa dadi margining remen marang wayang tradhisi. Inovasi lan pelestarian kudu tansah lumaku bareng gegandhengan," ngendikane Mas Escobar.

Kawruh ringgit purwa pancen rumit. Akeh para mudha Jawa kang ora mudheng wayang. Ora seneng nonton wayang, apa meneh ngerti bab cak-cakaning pathetan, bedane wayang Solo lan wayang Yogyakarta. Para mudha asring kaluputake dening para sepuh. Katudhuh, cah enom ora ngerti tradhisi. "Nanging, nek para mudha iku banjur arep sinau wayang, kudu sinau neng ngendi, piye carane?" pitakone Mas Escobar.

Seminar Wayang JIHF2017 (foto-fid)



# Kakawin Indrawijaya ing Balairung UGM

**A**TEMENE akeh kakawin sing sinebut kakawin minor sing ngemot crita-crita kang nengsemake sarta kebak tuntunan moral. Emane kawigaten marang kakawin minor iki isih rinasa kurang katandhing kakawin mayor, kayata Mahabharata lan Ramayana. Kakawin mayor manut Zoetmulder, yaiku kakawin-kakawin sing tinulis ing periode Jawa Kuno, yaiku zaman Kedhiri-Majapait. Dene kakawin minor yaiku kakawin sing katulis sawise zaman Kedhiri-Majapahit.



Indra getun keduwung mera khianat marang Wreta (foto-abs)

Kakawin minor ngrembaka ing Jawa lan Bali. Umume kakawin mayor luwih luwih kondhang katinbang kakawin minor. Kakawin minor, *Kakawin Indrawijaya*, ditulis dening Madya Mregiwu, wujud puisi (gurit) Jawa Kuna utawa kakawin. Wujude, metrum, bait, lan pupuh. Metrum pandome marang dawa cendhake vocal, lan gunggunge suku kata, ana ing salarik (ukara). Dene puisi, yaiku bait sing dumadi saka patang larik. Gunggunge bait sing metrumé padha dadi sapupuh.

Lakon *Indrawijaya* digelar dening dalang Ki Aji Carito (Trisula Aji Manohara) ing Balairung UGM nalika dina Sabtu bengi, 11 November 2017. Pagelaran wayang iki digarap bareng (kolaborasi) karo kelompok Karawitan Gelembung Harmoni, Ratnatraya, lan Titer Kamasutra. Kejaba kuwi panggaraping pagelaran uga disengkuyung dening komposer Bayu Purnama sarta koreografer Bima Satya Wardana. Pagelaran iki

diwenehi tajuk *Indrawijaya*: Saman (rembug/bujuk/negosiasi), Dana (sogok/suap), Bheda (adu-adu/memecah belah), lan Danda (perang langsung/serangan terbuka).

Pagelaran iki dicoba dibalekake marang konsep konsep kawitan yaiku bab kesenian wayang sing satemene kesenian sing ngemonah materi wewayangan kanthi boneka wayang minangka alat paragane. Pawadan kuwi pamirsa ora bisa ndeleng wujud fisik wayange. Penonton ya mung disuguhni mobah mosiking bayangane wayang ing kelir. Dene wujud fisike wayang disimping ing kelir perangan mburi. Dene wayang kang diadhep dhalang mung wayang saperlune, Kejaba kuwi, pagelaran iki uga disengkuyung dening penari lan wayang wong. Pamrihe bab kuwi bisa menehi gambaran utawa visualisasi sing luwih jangkep bab laku lan isine crita.

Kakawin *Indrawijaya* iki nyritakake bab rasa meri sing kerep cumondhok ing atine wong, kaya kang cumondhok ing atine Twasta Prajapati utawa Batara Datra (Brahma) marang Dewa Indra. Marga rasa merine kuwi mau Brahma (Datra) banjur nyipta daitya utawa buta gedhe kanthi sirah cacah telu, mula banjur katedlah Trisirah. Trisirah disraya Batara Datra supaya ngremukake Kayangan Indraloka. Ing crita iki digambarake Trisirah sekti mandraguna lan duwe awak gedhene sagunung anakan.

Naskah *Kakawin Indrawijaya* nate kataliti dening Suharto Mangkusudarmo (Dosen Jurusan Sastra Nusantara, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada) kanthi irah-irahan Analisis Struktur *Kakawin Indrawijaya*. Ing pagelaran iki Dekan Fakultas Ilmu Budaya, Dr. Wening Udasmoro ngandharake menawa pagelaran iki minangka wujud pengetan ambal warsa sing kaping 62 tumrap Prodi Sastra Jawa FIB UGM kanthi nyuguuhake narasi lama. Bu Wening ngajab ing tembe sansaya akeh narasi seje sing bisa didhudhah, dibedhah, disuguhake, lan diresepi bebarengan dening sapa wae. (abs)

Brama nyipta Daitya Wreta (foto-abs)



KI ENTHUS SUSMONO

# Sumebaring Ontran-ontran

## Amarga Bumine Arang Banget

### Dikon Ngrungoke Gamelan

**A**ku "Dhalang, ya mayang. Hakikat dhalang, ya mayang. Mula yen ana dhalang kan isih tataran ajar, ya aja dha dipenggak, disalah-salahke. Aja dha kaya ngono. Ben wae, didelok dhisik. Dhalang sepuh kudu gelem mulang, asih marang dhalang mudha. Kang mudha, dalang enom ya padha sungkem marang dhalang sepuh. Yen kahanan kaya ngono iku bisa wujud, tangeh wayang cures gusis saka Indonesia. Saiki wis ora pilah antarane Jogja Solo."

"Pamarintah, pancer melu tanggung jawab marang kabudayan, kalebu wayang kulit. Wayang kudu disengkuyung pamarintah. Naging, pamarintah yang kudu titis, aja nganti tetulus nanging ora temanja. Isa gawe festival, gawe karnaval. Aku asring duwe panyuwun, yen gawe festival ora perlu ana kang sasap nomer siji, nomer loro ...apa kudu ngono? Bareng wayang dikrenah nganggo manajemen modheren, diurus dening pengusaha, negara, akademis para kadang dhalang kudu samekta, mula saben ditanggap kudu wis padha kukuh nyawiji."

"Kang diprangguli ing wektu ini, masarakat saiki iku wis praktis lan pragmatis. Yen arep nanggap wayang kudu ngetus jembare latar omahe, ragat prabeyane. Saiki kang baku, kepiye carane supaya wayang manjing ing uriping manungsa saben dinane. Kahanan asring gonjang ganjing, bengkerengan terus-terusan, merga bumine ora nate diwenehi rungon suwara gamelan, masarakate ora tau diparingi tontonan wayang, budaya asli bangsa Indonesia. Ontran-ontran kang dumadi bakal bisa kabengkas, menawa kita kabeh bali marang kabudayan dan kapribadhening bangsa. Satemene, kabudayan kita kang paling menjila, kang unggul, minangka lambaraning kabudayang kita, yaiku: prasaja, sederhana."

"Pamarintah Kabupaten, Kota, lan Propinsi, bisa gawe pergelaran wayang kang ajeg. Sesasi pisan apa kepiye. Ning anggone ngadani, manajemene aja

diserahke dhalang. Dikon nandangi professional wae. Aja nganti lali out came utawa daya pangawibawane pentas rutin tumrap masarakat lan ngrembakane kabudayan. Yen arep yasa gedhung kesenian, konsultanne, ya kudu dipasrahake marang wong kan ahli ing babagan kesenian. Gedhunge bisa trep lan prabeyane temanja. Kang uga baku, dudu le yasa gedhung, ning pamarintah bisa nyengkuyung anggone gawe pambyawara wayang, gawe cara supaya pentas wayang ditonton lan disengkuyung wong akeh, lan cawe-cawe babagan pemasaran pergelaran wayang."





# “Srawung Bebrayan Jawa” ing Reriptan Sastra

SRI WIDATI

## Purwaka

**T**embung “srawung ing bebrayan Jawa” dumadi saka tembung “srawung” lan “bebrayan Jawa”. Miturut Bausastra Jawa kang karipta dening W.J.S. Poerwadarminta lan J.CHR.

Poedjasoedira, 1939:581). Tembung “srawung” saka tembung “barung” (basa Sansekerta) kang tegese “bareng”, utawa “wis tetepungan”, utawa “mbarengi”, utawa “lelayanan” (Kamus Basa Jawa, 2001:737). Kanthi teges kasebut, tembung “srawung” magepokan karo urip sesrawungan ing satengahing bebrayan agung, ora winates sesrawungan antarane manungsa, nanging uga srawunge karo lingkungan, alam, lan kabudayan, becik budaya sabangsa, uga karo budaya manca (Kartodirdjo, Sudewo, Hardjosuprobo, 1987:100-102). Perlu diuningani menawa manungsa iku ndarbeni sipat dhewe-dhewe. Gampange, watake manungsa kang maneka warna, utawa kompleks iku bisa kaperang dadi loro, yaiku 1) kang klebu watak dhasare becik (watak positif), lan 2) watak kang dhasare ala, utawa ora becik (watak negative).

Watak loro kang asipat kontradiktif iku sekarone mesti ana ing anggane manungsa, lan watak sekarone mau tansah gegayutan, kasebut “binary opposition” ‘oposisi biner’ utawa “tembung loro kang gegayutan, senajan tegese kosokbalen”. Tegese, manungsa darbeni watak dhasar becik, yaiku yen watak dhasar becike dhominan. Dene suwali, kasebutake awatak dhasar ala, yaiku ndarbeni watak dhasar ala kang dominan. Watak dhasar ala lan becik iku bisa owah, yang ana kadadeyan kang ndayani owahe kualitas watak dhasar, saengga sawetara bisa ndayani utawa nyadharake. Nanging, padatane, owahe watak dhasar mung sawetara.

Ana ing budaya Jawa, “srawung” kang maknane uga nduweni dhimensi religious. Lire, “ing madyaning sesrawungan kang bawera iki, aja nganggep, yen wong kang dianggep watake ala, mesti ala sateruse”. Conto mau nduduhake yen dimensi religious kang jero, uga bisa ditindakake dening wong kang dianggep awatak ala.

## Srawung ing Reriptan Fiksi Jawa Modheren

Gegandengan karo tembung “sesrawungan ing bebrayan Jawa” kang dadi rembug ing riptan sastra, gemantung kaprigelane pagripta. Pangripta kang gamben bisa ngandharake ing sadhengah genre, utawa jinis sastra, kayata ing guritan, utawa fiksi (gancaran), bisa cerkak, utawa novel, bisa uga ing jinis drama. Dene ing jinis gancaran, tembung “srawung” kang dadi “kata kunci” utawa “gegaran urip wong Jawa”, padatane diprangguli minangka judul crita, minangka tema dhasar, utawa bisa kaselipake ing satengahe alur lumatar lesane para paraga. Ing novel Kirti Njunjung Drajat (riptan taun 1924), kaserat ing jaman tuwuhe sastra Jawa modheren, yaiku ing awale abad ke-20. Novel iki kaserat dening R.Tg. Jasawidagda, sawijining local genius ing kasusastran Jawa modheren saka kalangane priyayi ing Kasunanan Surakarta. Panjenengane iku sawijining pangripta sastra Jawa (ing periode awal sastra Jawa modheren), kang uga sawijining guru, lan redaktur Percetakan Balai Pustaka. Karyakaryane nuduhake yen Panjenengane ndarbeni idhealisme modheren, kaprabawan saka pamulangan formal (lumantar pamulanganformal) profesi ing Balai Pustaka, lan nonformal (lumantar sesrawungan). Idhealisme modheren mau katon cetha ing reriptan fiksine, utamane ing novel Kirti Njunjung Drajat (1924). Cuplikan ing ngisor iki nuduhake cara srawung antarane priyayi marang wong cilik, umpamane antarane Mas Bei Mangunripta kang pangkate “abdidalem mantri”, karo Mas Nayapada kang pangkate “priyayi jajar”, karo anake lanang, Darba kang lagi magang ing kantore Raden Ngabei Prajasusastra.

“Menika putrane, Mas?”

Ki Mas Nayapada mangsuli, “Inggih, punika ingkang penggulu, Ingkang pambajeng tengga griya.”

“Kowe magang ana kantor ngendi heh, Le?”

Mireng pitaken punika, Darba lajeng ngewahi linggihipun, sakawit ngungkuraken Mas Bei Mangunripta, sapunika miring, mawi mengo, wangulanipun cekak nanging taklim,

“Kepatihan.”

Bapakipun nyambeti, “Nun, kula dherekaken Raden Ngabei Prajasusastra, abdidalem garap kepatihan.”

“Wis pirang taun, Le, olehmu magang?”

“Kalah taun.”

“Wah, isih tangeh.”

Tembungipun Mas Bei Mangunripta punika tegesipun taksih tangeh sagedipun dados priyantun, amargi adat kalimrahanipun, magang punika pancen pitu wolung taunan. Mas Bei lajeng taken dateng Ki Mas Nayapada, "Punapa putrane punika sampun saged nyerat jangkep, Mas?"

"Sawetawis, rekanipun punika tamat pasinaonipun pamulangan ing Batangan. Samangke tumut sinau cara Walandi wonten Abipraya."

"O, pamulangan Walandi partikelir saben sonten punika. Ingkang ngadani rak Den Bei Prajamartana, ta.. Heh ana-anan wae, wong-wong tuwa padha reka-reka sekolah, kuwigek arep dienggo apa?" .....

Cuplikan mau nggambareke srawung antarane paraga loro (para abdidalem ing jaman sadurunge Indonesia mardika) kang isih mbedakake banget status sosial, saegga nuwuhake swasana disharmoni, utawa ora imbang. Sing drajate luwih duwur, kaya Mas Bei Mangunripta, rumangsa nduweni hak nyaruwe sakarepe dhewe. Kosokbaline, paraga kang disaruwe, utawa dikritik ora wani maoni. Mengkono uga nalika ing stasiun Purwasari, Den Bei Mangunripta kebrukan wong ndesa kang nyangking pikulan, dheweke nesu banget, banjur nguneuk-unekake wong ndhusun mau, "...Heh, apa kowe ora ngerti yen aku priyayi?" .....

Sabanjure, nalika kondhektur meruhi tumindake Den Bei Mangunripta, kang kasar mau, tanpa omongan, kondhektur iku banjur nata lunguhe para penumpang, ing kursi-kursi kang isih kosong, klebu kursi ing sacedhake Den Bei Magunripta. Priyayi mau nepsu banget marang kondhektur, nanging ora bisa suwala apa-apa, marga status sosiale kalah karo konduktur kang bangsa Walanda. Adegan iku nuduhake srwunge Den Bei Mangunripta ing masarakat iku pilih-pilih, ora bisa srawung karo sembarang uwong. Ing sepur iku dheweke mung gelem srawung karo priyayi sajajare, utawa kaya abdidalem jajar, wong tuwane Darba (lan Darba, anake). Tumindake Den Bei Mangunripta kang "ora srawung" mau saya katon ing adegan bacute, Bab 2, yaiku ing adegan "Wonten ing Pajagongan".

Ing perangan alur candhake, kang nyritakake lelakone Darba, kaandharake profile Darba, yaiku nom-noman bagus, lulusan pamulangan formal, mula ing bab pegaweyan, pikirane beda karo wong tuwane, utamane ibune. Sacara implisit, sikepe Darba mau mujudake tanda indheksikal bakal muncule motor owahing kabudayan masarakat Jawa. Kawiwitian saka srawunge Darba karo sawijining nom-noman Walanda, sawijining masinis pabrik ing Surakarta. Darba mbasakake kanca Walandane mau Tuwan Masinis.. Tetepugane karo Tuwan Masinis nuwuhake pikirane Darba saya maju. Sepisan, Darba kepengin oncat saka donyaning priyayi, merga priyayi ora nduwe kamardian kanggo milih pagaweyan. Kapindho, Darba kepengin wasis basa manca, kayata basa Walanda, supaya bisa srawung karo wong Walanda, lan karo bangsa manca liyane. Begja banget dene gagasane Darba, loro-lorone disengkuyung dening

Tuwan Masinis. Malah, Tuwan Masinis dhewe sing arep muruki marang Darba basa Walanda. Nalika Tuwan Masinis pindhah menyang Semarang, Darba dijak, murih bisa miwiti gaweyan anyar ing kutha kuwi. Ukara kaebut bisa minangka tandha wiwit dumadine sessrawunga karo idheologi anyar, saka manca. Kacetha saka narasi ing novel iki kang nyebutake yen "...ing Semarang Darba ora mung nyambut gawe, nanging uga bisa karo sinau nukang lan dagang, kasambi lan srawung karo maneka bangsa manca....." Apa kang ditindakake Darbo, mligine wiwit ing Semarang, mbuktekake yen wong kang pinter srawung karo saepadha, lan seneng srawung marang bab-bab anyar kanthi temen,. mahanani bisa makarya kanthi becik, lan akeh kancane.

#### Panutup

Kadidene kasusastran umume, sastra Jawa modheren uga minangka piranti memulang, ngawe resep ati, lan nyimpen piwulang becik kang nate dadi paugerane ngaurip para leluhur. Contone kanggo nyimpen dhokumen ngenani wewarah "srawung tumrap budaya Jawa", umpamane ing novele R.Tg Jasawidagda. Novel iki minangka conto waosan jinis gancaran, kang marangi gegambaran informatif saka sumber riil kabudayan kita, nalika "srawung" ing jagad kang kompleks ing jamane Novel iki lan gancaran liyane kang kaserat kanthi serius (ing periodhe kasebut) bisa nuduhake sesrawungan ing madyaning masarakat Jawa kang harmonis, lan kang disharmonis, kang umum ing jaman prakamardikan. Saliyanee sesrawungan kang ora imbang kaya kang wis kandharake mau, Pamarintah Walanda uga gawe tatanan kependhudhukan kang dhiskriminatif, yaiku mapakake bangsa pribumi minangka status sosial paling asor. Akeh novel Jawa kang kaserat ing jaman prakamardikan iku bisa dadi conto ngenani "srawung budaya Jawa" kang kaserat dening para pangrita gamben.

#### Dhaftar Kapustakan

Jasawidagda, R.Tg. 1924. Kirti Njunjung Drajat. Cetakan ke-2, 2012. Jakarta: Kiblad Buku Utama.

Kartodirdjo, Sartono, dkk. 1987. Perkembangan Peradapan Priyayi .Yogyakarta:Gadjah mada Universiy Press.

Wellek, Rene & Austin Warren. 1956. Theory of Literature. New York:Harcourt, Brace &World Inc.

# Bango Tongtong lan Crita Panji ing Walanda

**C**ariyos Panji, wiwitanipun saking cariyos rakyat, sampun wonten wiwit abad 12. Miturut Poerbatjaraka, wonten ing sajroning cariyos Panji, wonten sekawan dinasti. Inggih punika, Jenggala, Urawan, Kedhiri, lan Singasari. Asalipun saking setunggal dinasti, turunipun Resi Getayu ing Kahuripan.

Cariyos Panji wonten gayutanipun kaliyan palihan Kraton Kahuripan, dados Jenggala lan Kediri dening Raja Airlangga. Cariyos Panji awet turuntemurun. Cariyos Panji ngrembaka waradin ing Tanah Jawa, malah kepara nyebar ing saindenging Nusantara. Cariyos Panji ugi sage dipunpanggihi ing tlatah Thailand lan Kamboja. Cariyos Panji mboten namung kagunga nipun tiyang Jawa kemawon, nanging sampun gadhahanioun masarakat sadonya.



Beksan Bango Tongtong dening masarakat trah Jawa ing Negara Walanda.  
(foto-dok fuji dkk)

Cariyos Panji ugi manjing ing masarakat Jawa ingkang wonten ing negari Walandi. Kepara, misuwuripun Cariyos Panji ngalahaken Mahabarata lan Ramayana saking India, Salah satunggalipun Cariyos Panji ingkang paling misuwur ing Walandi, inggih punika "Bango Tongtong".

Cariyos "Bango Tongtong" asring kasebat "Andhe-andhe Lumut". Nyariyosaken Dewi Sekartaji, putrinipun Prabu Lembu Amiluhur saking Kedhiri ingkang kesah ninggal keputren. Kacariyos, sang dewi dipunpupu dening Mbok Randha Karang Wulusan. Dewi Sekartaji memba asma Klenting Kuning. Klenting Kuning kapanggih kaliyan Bango Tontong nalika ngumbah rasukan ing lepen. Masarakat Jawa ing Walandi, cariyos Bango Tongtong dipungelar wujud seni sendratari woten ingadicara kang

mirungan.

Masarakat Jawa saking Suriname ingkang manggen ing Walandi, yasa Beksan Bango Tongtong ingkang ajeg dipungelar ing Perayaan Hari Imigrasi saben tanggal 9 Agustus. Ugi dipunpentasaken ing dinten Riyadin Kupat lan kagem pawiwahan dhauping manten tradhisional Jawa.

Para penari Beksan Bango Tongtong kathah ingkang sampun sepuh, langkung saking 40 taun. Jalaran, para paraga taksih sami remen ngayahi Beksan Bango Tongtong, lan tansah sumadya sawanicewangi kasuwun kersa ngayahi hambeksa. Sedaya saget dados pratandha, gumregutipun tiyang Jawa ing Walandi anggenipun nglestantinaken Cariyos Panji lan Beksan Bango Tongtong.



Para putri paraga tar Beksan Bango Tongtong. (foto-dok fuji dkk)

Misuwuripun Cariyos Panji ing Walandi, saget katitik saking wontenipun Tong Tong Fair. Ingkang kapethik saking asmanipun Bango Tongtong, Cariyos Panji, dados brand name acara pasar malem ingkang paling ageng ing Pahargyan Kabudayan Indo (Indo-Eropa) ing Walandi. Tong Tong Fair satunggalipun festival ingkang sampun panjang yuswanipun lan agengipun nomer sekawan ing Walandi. Tong Tong Fair dipunwontenaken kirang langkung 12 dinten, Denhaag. Papan ing kagem pasar malem, wiyaripun kirang langkung 200 meter persegi. Maneka warna budaya lan tradhisi Jawa-Nusantara dipun gelar. Tong Tong Fair raket sambungipun kaliyan Cariyos Panji lan masarakat trah Jawa ing Walandi.



Wakil Bupati Kulonprogo, Drs. Sutejo nalika bebarengan gejog pratdandha pambukaning festival (foto-istimewa)

## Padhang Rembulan Lelangen Gejog Lesung

**J**AMAN kawuri, saben rampung mangsa panen pari, warga desa mligine simbok-simbok lan rumaja putri padha nutu pari (gejog lesung). Pamrihe supaya pari kang mentas dipanen saka sawah bisa dadi beras, pisah karo kulit merange saengga bisa ndang diliwet apadene didang. Tansaya regeng kahanane menawa anggone nutu pari gejog lesung iku rame-rame ing wayah bengi ngepasi purnama sidi. Simbok-simbok lan rumaja putri padha gejog lesung diselingi tetembangan, dene bocah-bocah padha gemyak-gemyak dolanan jamuran, dhelikan, gobag sodorlan sapanunggalane ing plataran.

Dene wektu saiki, wus arang malah kepara ora ana maneh simbok-simbok lan rumaja putri padha nutu pari nganggo gejog lesung kaya jaman kawuri. Nutu pari wus gumanti gilingan pari kang dianggep luwih cepet kanggo misahake beras lan merange, luwih praktis lan ora mbutuhake tenaga akeh. Semono uga bocah-bocah saiki wus ora tinemu maneh dolanan bareng-bareng ing njaban omah nalika wayah purnama. Bocah-bocah saiki pilih njinggleng sangarep tivi apadene dolanan hape.

Mula saka iku, kanggo nguri-uri tradhisi gejog lesung kasebut, Dinas Kebudayaan Kulonprogo ngadani Festival Padhang Mbulan 2017 rikala dina Setu

malem Ahad, tanggal 4 Nopember 2017 mapan ing Alun-Alun Wates Kulonprogo. Acara kasebut dieloni 12 grup saka 12 kecamatan sa Kulonprogo lan dibukak kanthi resmi dening wakil bupati Kulonprogo Drs H Sutedjo. Acara kasebut entuk kawigaten masarakat Kulonprogo, kanthi tandha masarakat dhedhel riyel ngebaki Alun-Alun Wates Kulonprogo.

Kepala dinas Kebudayaan Kulonprogo Drs Untung Waluya ngendikakake, Festival Padhang Mbulan 2017 diajab bisa ndhudhah nilai tradhisi kang ana masarakat Kulonprogo. "Kejawi menika ugi saged nuwuhaken semangat gotong royong ing antawisipun warga desa. Sebab supados saged dhahar sekul, warga desa kedah nutu pantun sareng-sareng langkung rumiyin." ngendikane Drs Untung Waluya.

Isih miturut kepala dinas Kebudayaan Kulonprogo, piyambake duwe pangajab gejog lesung bisa dieloake ing upacara adhat-upacara adhat kang ajeg digelar ing desa. Supaya gejog lesung bisa lestari ngrembaka lan nuwuhake regenerasi ing kalangan kadang mudha. Ing kalodhangan kasebut, grup gejog lesung kecamatan Samigaluh katetepake minangka juara siji, juara loro kecamatan Temon, juara telu Girimulyo, juara papat Kokap, saha juara 5 kecamatan Lendah. **(smn)**

## Pangilon, Wonodya ing Tarung Budaya

**J**eiring wanita kerep dianggep minangka prodhuk inferior saka budaya feodhal. Kalungguhane wanita kerep dianggep mung minangka kelengkapanan kaum adam. Mula saka iku wanita kerep mung dipapanake ing papan utawa ruang sing ciyut. Wanita dikerdhilake kaweruh lan keterampilane. Wanita diwatesi hak-hake. Wanita sing kaya ngene iki kerep disebut minangka wanita sing kejajah dening kabudayane.

Semonoa panemu bab wanita terus owah gingsir. Budaya ora ditegesi maneh minangka alat kanggo masung kiprah utawa ruang gerake wanita. Ora ana maneh pengerdhilan tumrap hak lan kaweruhe wanita. Wates antarane hake wanita lan pria uga wiwit abu-abu. Ora ireng-putih maneh. Ing jaman iki wanita nduwensi kalungguhan sing sejajar karo kaum pria. Wanita mardika ing saben jangkahe. "Dadi wanita iku pindha dadi proyek kanggo terus dumadi lan ngasilake saweneh asil (karya) saka diri pribadine/awake/situasine."

Kontradiksi budaya sing kaya ngono mau ndadekake wanita minangka ruh ana ing pameran temporer kanthi tajuk Pengilon: Kisah Perempuan dalam Silang Budaya ing eks Gedung KONI Museum Negeri Sonobudoyo Yogyakarta wiwit 5-15 Desember 2017. Salah sijine tuladha bab wanita sing uga tinemu ing mitologi Durga. Ing mitologi iki Durga ditegesi minangka wanita sing idheal. Durga tangane akeh, tegese bisa ngrampungi sabarang gawe. Kanthi ngusung tema iku dikusi utawa rembug bab wanita diwujudake ana ing koleksi-koleksi sing ana, kayata maneka warna modhel darpana (pengilon), padupan

ratus pawadonan, sumbul, maneka warna serit lan jungkat, lan alat-alat liyane sing kerep digunakake dening kaum wanita.

G.K.R Mangkubumi sinartan G.K.R.B.A.A. Paku Alam kepareng ngresmekake pembukaan pameran iki. Kejaba mbukak pameran iki kekarone bisa dadi tuladha representasi tokoh wanita ing jaman saiki. Wanita ora bisa maneh mung dikancawingkingake.

"Dadi wanita iku pindha dadi proyek kanggo terus dumadi lan ngasilake saweneh asil (karya) saka diri pribadine/awake/situasine," ngono kurang luwih ngendikane Greg Wuryanto minangka kurator ing pameran sing uga dipahargya nganggo pementasanane Musik Mantradisi iki.

Pameran iki uga direnggani maneka acara liya yaiku workshop tari meditative kanthi tajuk sadyotkranti, merajut, berkain Nusantara kanthi tajuk mawastra. Kejaba kuwi uga ana acara liyane minangka rerangkene acara iki yaiku bincang-bincang kurator minangka upaya kanggo mangun wacana kesetaraan wanita kanthi adhedhasar koleksi-koleksi sing dipamerake.

Tundhane, pameran pengilon iki bisa dadi sarana tumrap kaum wanita kanggo bali mendefinisikan maneh jati diri kawanitane kanthi maknani utawa nafsirake sajero-jerone kanthi mulat sarira kanggo jumangkah kiprah ing karya. Wanita iku uga sinebut sakti, wanita minangka akumulasi sistem pendidik tumrap generasi.(abs)

GKR Mangkubumi lan GKRBA Paku Alam kepareng ngresmekake Pameran Pengilon ing Museum Sonobudoyo-(foto abs)

Saweneh Keris Sombro lan Patrem minangka gamaning wanita ing jaman biyen uga dipamerake ing Pameran Pengilon-(fotoabs)



## Ambal Warsa Ngestiharjo Gelar Budaya Golong Gilig

**J**eiring Dumadine desa-desa utawa kalurahan ing Ngayogyakarta ora bisa uwal saka anane Maklumat Pemerintah Daerah Istimewa Yogyakarta taun 1946. Desa Ngestiharjo, Kecamatan Kasihan, Kabupaten Bantul ora bisa dipisahake saka Maklumat kasebut. Desa/Kelurahan Kembang, Desa Onggobayan, Desa Nitipuran, lan Desa Kelurahan Sutopadan, cikal bakal Ngestiharjo. Jeneng anyar iki ditetepake ing Maklumat Pemerintah Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 5 taun 1948 babagan perubahan daerah-daerah kelurahan (owah-owahan kelurahan).

Desa Ngestiharjo dumadi saka 12 padhukuhan. Biyen-biyene saben kelurahan mengkoni telung padhukuhan. Kelurahan Kembang mengkoni Pedhukuhan I Tambak, Pedhukuhan II Sumberan, Pedhukuhan III Soragan. Kelurahan Onggobayan mengkoni Pedukuhan X Sonopakis Kidul, Padhukuhan XI Onggobayan, lan Padhukuhan XII Sidorejo sing biyen dinuga jenenge Bonthitan. Kelurahan Nitipuran mengkono Padhukuhan VI Sonosewu, Padhukuhan VII Jomegatan, lan Padhukuhan IX Sonopakis Lor. Kelurahan Sutopadan mengkoni Padhukuhan IV Cungkuk, Padhukuhan V Kadipiro, lan Padhukuhan VIII Janten.

Kanggo mengeti ambal warsa kaping 69, Desa Ngestiharjo nganakake gelar budaya lan Lomba Karnaval Budaya. Acara iki minangka acara sing sepisanan tumrape Ngestiharjo awit sadurunge pancen ora nate dipahargya nganggo acara gedhen kaya taun 2017 iki. Dene acara budaya kuwi ditindakake ing Lapangan Ngestiharjo ing tanggal 14-15 Oktober 2017. Acarane nglimputi Lomba Choir Tembang Jawa, Pentas Seni Potensi Budaya, Colour Fun lan Senam Massal, Bakti Sosial, Sunatan Massal, Pemeriksaan Kesehatan, Lomba Karnaval Budaya, Seremonial Doa Lintas Iman, lan Pentas Wayang Kulit dening dalang Ki Seno Nugroho.

Oni Oktavany minangka Lurah Desa Ngestiharjo ngaturake atur panuwune marang sapa wae sing wis nyengkuyungh adicara ing Ambal Warsane Ngestiharjo sing kaping 69 iki. Perlu dingerten iuga menawa Ngestiharjo ing taun 2014

nate dadi Juara I tingkat DIY kanggo kategori Desa Toga (tanaman obat keluarga). Bu Oni mrayogakake supaya warga grengseng njaga, ngrumat, ngopeni, mekarake, majokake Ngestiharjo kanthi tekad golong gilig kanggo urip sing luwih becik, sehat, lan makmur bebarengan saka generasi siji marang generasi sabanjure. Ngono sateruse.



Peragaan Busana "Garuda" (foto-abs)

Lomba Kirab Budaya bakale njalari padhukuhan-padhukuhan ngetog kabisane ing babagan kabudayan. Ngupadi potensi budayane ing saben desane dhewe-dhewe. Bab iki kabiji becik marga bakal jumurung tumrap tuwuhe kreativitas lan dayane saben padhukuhan. Kejaba iku acara kaya ngene iki bakal nyaketake pasedulurane antarane warga siji lan sijine, antarane padhukuhan siji karo liyane. Kanthi mangkono apa sing sinebut guyub rukun minangka pawitan mbangun Ngestiharjo bisa sansaya kawujud lan sansaya pengkuh. (abs)

"Dadi wanita iku pindha dadi proyek kanggo terus dumadi lan ngasilake saweneh asil (karya) saka diri pribadine/awake/situasine," ngono kurang luwih ngendikane Greg Wuryanto minangka kurator ing pameran sing uga dipahargya nganggo pementasane Musik Mantradisi iki.

Pameran iki uga direggani maneka acara liya yaiku workshop tari meditative kanthi tajuk sadyotkranti, merajut, berkain Nusantara kanthi tajuk mawastra. Kejaba kuwi uga ana acara liyane minangka rerangkene acara iki yaiku bincang-bincang kurator minangka upaya kanggo mangun wacana kesetaraan wanita kanthi adhedhasar koleksi-koleksi sing dipamerake.

Tundhane, pameran pengilon iki bisa dadi sarana tumrap kaum wanita kanggo bali mendefinisikan maneh jati diri kawanitane kanthi maknani utawa nafsirake sajero-jerone kanthi mulat sarira kanggo jumangkah kiprah ing karya. Wanita iku uga sinebut sakti, wanita minangka akumulasi sistem pendidik tumrap generasi.(abs)

Reog Dhodhog Kasmaran melu mahargya Lomba Kirab Budaya Desa Ngestiharjo (foto-abs)



KI SUKARNO WIDIPRAYITNO

## Ngudi Lumintire Dhalang Wayang Golek



Ki Sukarno Widiprayitno  
(foto-smn)

**W**AYANG golek Menak utawa asring kasebut wayang thengul tau manjila ing tangane Ki Regut Widiprayitno, udakara taun 1950 nganti taun 1970-an. Trah seni Ki Regut Widiprayitno mligine seni pedhalangan wayang purwa lan wayang golek menak, tumurun marang putra-putrane. Salahsijine yaiku Sukarno Widiprayitno utawa asring kasebut Ki Sukarno. Senajan Ki Sukarno saiki yuswane wus sepuh, ananging isih katon cukat trengginas babagan sabetan lan njogedake wayang.

Nalika Sempulur entuk kalodhangan sowan daleme kang asri ing pedhukuhan Klebakan, Desa Salamrejo, Sentolo, Kulonprogo, DIY, durung suwe iki, wicarane priya kelairan Kulonprogo, 1 Juli 1940 iki ririh, lembah manah marang sapa wae. Ing pasrawungan saben dinane Ki Sukarno ora mbeda-mbedakake enom, tuwa, lanang lan wadon, kabeh direngkuh kaya sedulur dhewe, kabeh disugata esem manis, grapyak sumanak.

Marang Sempulur, Ki Sukarno nyujarahke babagan kabisane ndhalang wayang kulit purwa lan wayang golek menak, kang kabeh mau mung disinau kanthi otodidak merga asring ndhereake Ki Regut

Widiprayitno nalika pentas ing ngendi-ngendi papan. Kawit taun 1952, Ki Sukarno wus pentas ndhalang wayang purwa. Dene pentas wayang golek menak lagi taun 1954 nalika SR kelas enim. "Kula saged ndhalang menika, amergi menawi ndalu ndherrek bapak pentas, enjingipun kula blajar ndhalang persis kados ingkang punpentasaken bapak. Wayangipun saged ngangge ron nangka, jati lan sapanunggalanipun." ngendikane priya kang tekan wektu iki ajeg seminggu sepisan ndhalang wayang golek menak ing Bangsal Sri Manganti Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat, mula kaparingan asma Ki Wedana Dwijo Sukarno.

"Nalika bapak pinitados minangka dhuta kabudayan saking pemerintah RI wonten negari Eropa iring wetan, Mesir ugi Uni Soviet (Rusia) taun 1958, kula ingkang nyekapaken pedamelanipun bapak ndhalang saha sapiturutipun. Dene kula piyambak pikantuk dhawuh minangka misi kabudayan RI ngringgit purwa saha golek rikala taun 1961 wonten ing negari Rusia, RRC, Hongkong, Korea Utara, Korea Selatan saha India." ngendikane Ki Sukarno kang pensiun minangka guru olahraga ing SMPN 1 Sentolo kawit taun 2000 kasebut.

Miturut S Haryanto (1988), babon Menak saka kasusastran Persia nalika jaman Sultan Harun Al Rasyid (766-809 M) kanthi irah-irahan Qissai Emr Hamza. In babon Serat Menak, jeneng paragane diganti kayata amir Hamzah dadi Amir Ambyah utawa Wong Agung Jayengrana, Badi'ul Zaman dadi Raden Imam Suwangsa, Omar bin Omayya dadi Umar Maya, Qobat Shehriar dadi Kobat Sarehas, Mihdnigar dadi Dewi Retno Muninggar, Unekir dadi Dewi Adininggar, Qoraishi dadi Dewi Kuraisin, lan sapanunggalane. Ki Sukarno uga asring mbabar lakon kasenengane Ki Regut Widiprayitno nalika isih sugeng yaiku Bedhahing Parangakik saha Ganggamina Ganggapati.

"Ingkang paling ngremenaken menika kula sarombongan saged dumugi pundi-pundi papan,

kepara dumugi negari manca kanthi mboten ngedalaken biaya piyambak, mantukipun tasih dipunparingi sangu. Dene ingkang paling sisah, menawi dalu jadwal mayang, enjingipun kedah mucal pelajaran olahraga, kedah nahan ngantuk," ngendikane Ki Sukarno mesem nalika crita pengalamane

Miturut dhalang Ki Suparman Amat Jaelani kang uga suwe dadi wiyagane Ki Regut Widiprayitno jaman sugenge, Ki Sukarno iku ora mung mandheg nresnani kabudayan, ananging uga nyiapake generasi candhakke, supaya gelem nguri-uri, nyinau lan nresnani kabudayan, saengga kabudayan Jawa ora cures kalindhes jaman. Tekan seprene kajaba ajeg mayang golek, Ki Sukarno uga nggegulang lan mulangake seni karawitan lan tari marang generasi mudha. **(smn)**



HERI DONO

## Wayang Butuh Krenah

**A**ku percaya, wujud wayang (kulit) kang kaprangguli ing wektu iki, sejatine wujud owah gingsir, wis bola bali dikrenah, deformasi, saka wayang kang ana ing jaman sadurunge, wayang kang sepisanan," ngendikane perupa modheren, Hari Dono nalika paring adharan ing Seminar JIHF 2017.

Kang dadi masalah, ngedikane seniman kang ngripta Wayang Legenda iki, akeh para seniman sepuh kang kagungan penganggep, wayang iku barang keramat, ora kepareng diowahi dening wong lumrah, apa maneh direka-reka dening bocah. Mula banjur nuwuhake rasa cengkah antarane kaum sepuh karo cah-cah enom. Kamangka, wong-wong sepuh iku mbaka siji bakal tumekaning seda. Cah-cah enom banjur ora padha gelem gawe rekada ya babagan wayang, malah menggok seneng nonton film ing bioskop, nanton televisi, utawa montor-montoran mubeng-mubeng tanpa tujuan. Wayang disimpen neng kothak, diisis, dipepe, lan dipepetri dening wong-wong tuwa, paling banter yen ditanggap wong hajatan. Apa maneh wong jaman saiki kudu uirp praktis lan irit. Kamangka, wayangan raget akeh. "Mula yen ana wong duwe hajat nanggap wayang, luwih amarga prestise jalarana nanggap wayang iku perlu prabeya kang akeh," tembune kan kaserating makalah.

Nalika wayang gawe kalodhangan bab bilai lan filsafat, lan uga badal saka wujud wayang kang wis mapan, supaya bisa lebur dadi budaya Indonesia kang bhinneka tunggal ika, lan warga budaya dunia, mula kudu katlesih maneh lanthi permati. Jalaran, pakem wujding wayang ora geseh karo pakem carita Mahabharata, Ramayana, lan Carita Panji. Kangelan yen arep gawe ada-ada anyar, owah-owahan kang revolucioner, jalaran tansah dimemanuki wujud wayang kang miturut pakeme. Yen wayang wis katampa minangkan karya budaya Indonesia, mula mesthine ora gumantung Ramayanane lan Mahabharata. Ing saindenging Nusantara iki akeh carita rakyat kang uga maneka warna wasita kang sinandi ing carita rakyat la nada tradhisine masarakat. Mula kudu tansah kaudi amrih mekar lan tumangkare wayang Indonesia.

Heri Dono minangkan seniman perupa modheren, rumangsa kasengsem ing jagading pewayangan nanging ora jeneng arep gawe lestarining wayang kang wis ana engga tetep pancet ora owah saka asline. Kang kaangkah, memangun tradhisi. Gawe tradhisi, sebab memangun iku beda teges karo lestari. Kamangka, wayang wis baku ingaran seni tradhisional. Wong saiki lingsem yen kasebut priyati tradhisional amarga nonton wayang. "Tradhisional utawa modheren iku gumantung persepsi intelektual masarakat lan senimane. Nalika aku gawe Wayang Legenda kan nyaritakake masarakat Bata king sacelake Danau Toba, akeh padha takon, apa ana ing kana wis ana tradhisi wayang?"



Heri Dono (foto-fid)

GAMBAR

॥ ၂၅ ॥





## "Sugeng Enjing"

MULYANTO



**T**ng watawis setunggal dasawarsa pungkasan menika tembung "sugeng enjing" panganggenipun cawuh kaliyan tembung "wilujeng enjing". Wonten ingkang mastani bilih ingkang leres menika panci "wilujeng enjing". Wonten ugi ingkang taksih panggah bilih langkung sreg menawi ngangge tembung "sugeng enjing". Ing saderengipun, tembung sugeng enjing menika sampun limrah dipunangge ing padintenan minangka kange aruh-aruh wanci enjing tumrap sinten kemawon. Salajengipun, wonten penggalihan bilih tembung sugeng (enjing) menika minangka wujuding tembung ingkang salah kaprah. Salah kaprah menika tegesipun lepat nanging limrah dipunangge. Pramila lajeng kagantos wilujeng (enjing). Boten mangertos sinten ingkang murwakani menggalih bilih tembung sugeng menika minangka tembung ingkang lepat mengah tegesipun ing babagan menika.

Miturut sadengah sumber, bilih tembung sugeng menika tegesipun 'gesang, urip'. Parandene, manawi tembung sugeng menika kadhapuk minangka aruh-aruh ngaturaken kawilujengan (selamat), kaanggep kirang trep. Sugeng enjing saged dipuntegesi 'gesang enjing', sugeng rawuh saged kategesan 'gesang rawuh', sugeng makarya saged kategesan 'gesang nyambut damel', lan sapiturutipun. Menika ingkang njalari penggalihan lepatipun tembung sugeng. Salajengipun, saperangan tiyang nulat ing basa Indonesia bilih tembung-tembung kalawau sejatinipun minangka "ucapan selamat" kadosdene selamat pagi, selamat datang, selamat bekerja, lan sapanunggalanipun. Tembung selamat ing basa Indonesia menika dipunterjemahaken ing basa Jawi: slamet. Parandene, kula boten saged mbayangken menawi tembung selamat menika kagantos mawi tembung slamet: slamet enjing, slamet rawuh, slamet makarya. Tembung slemet menika kalebet ewoning tembung ngoko. Pramila, lajeng tembung slamet kagantos kramanipun, inggih menika wilujeng: wilujeng enjing, wilujeng rawuh, wilujeng makarya, lan sapanunggalanipun. Saperangan tiyang ugi nulat bilih ing basa Sunda ugi ingkang limrah dipunangge inggih tembung wilujeng, sanajang wilujeng menika boten kadhapuk kaliyan tembung

enjing, rawuh, utawi makarya.

Penggalihan kados makaten kalawau kula kinten boten wonten lepatipun. Basa menika panci ngrembaka saemper kaliyan ngrembakanipun penggalihan tiyang ingkang migunakaken basa, kalebet basa Jawi. Mila, boten kanyana dangu-dangu basa Jawi menika ewah boten karaos. Ingkang karaos lepat mesthinipun enggal dipundamel leres. Ingkang sampun leres boten kadamel lepat. Ing pamanggih kula boten wonten basa ingkang lepat manawi sampun dipunsarujuki ing akathah.

Panganggenipun tembung sugeng kange ngaturaken aruh-aruh kawilujengan kula kinten boten wonten lepatipun. Ing pamanggih kula tembung sugeng ing sugeng enjing (selamat pagi) menika malah karaos langkung leres katimbang sanesipun. Kula nggadhahi pamanggih kados makaten menika jalanan wonten maneka warni tetimbangan.

1. Tembung slamet (selamat) menika salah satunggaling tembung ngoko ingkang gadhah pasangan krama sarta krama inggil. Slamet kramanipun wilujeng, krama inggilipun sugeng (mangga kapirsanana Baoesastra Djawa, W.J.S. Poerwadarminta, 1939: 567). Pramila, menawi tembung sugeng ing sugeng enjing kagantos wilujeng menika saged kawastanan ngandhapaken alusing tembung. Ingkang kita mangertosi bilih tembung krama inggil menika langkung alus katimbang tembung krama, menapa malih ngoko. Atur "selamat" menika minangka pambahaya karaharjan dhumateng tiyang ingkang dipunkurmati, mila langkung sae manawi kapilih tembungingkang sakalangkung alus.

2. Tembung sugeng tegesipun wonten kalih. Sepisan, tembung menika jinising tembung krama inggil saking tembung ngoko: urip, utawi krama: gesang (Baoesastra Djawa, W.J.S. Poerwadarminta, 1939: 445). Kekalih, tembung menika jinising tembung krama inggil saking tembung ngoko: slamet, utawi krama: wilujeng. Tiyang ingkang nggadhahi penggalihan bilih tembung sugeng enjing dipuntegesi gesang enjing menika saestu kirang

anggenipun nalesih tegesipun tetembungan. Bilih ing basa wonten ugi tembung-tembung homonimi, inggih menika tembung ingkang wujudipun sami nanging gadhah teges ingkang benten. Pramila kula sarujuk menawi sugeng ing sugeng enjing tegesipun ugi 'slamet, luput ing bebaya, saras'. Malah tembung sugeng (krama inggil) kepara langkung kurmat tinimbang wilujeng (krama).

3. Tetembungan kadosdene "sugeng enjing" lan sapanunggalanipun menika kula kinten boten saged kaperang-perang elemenipun. Dhapukanipun tembung-tembung menika sampun kados idiom. Idiom menika maknanipun boten kategesan saperangan-saperangan, nanging dados setunggal. Pramila tembung sugeng enjing, sugeng rawuh, sugeng makarya, lan sapanunggalanipun menika boten perlu kaewah-ewahan wujudipun. Jinisipun tembung ugi boten

perlu kaewahan, umpaminipun kados: slamet esuk, slamet teka, slamet nyambut gawe, lan sapiturutipun. Malah risak ing tembenipun. Ing basa Inggris wonten pambage menika awujud idiom-idiom, kadosta: good morning 'sugeng enjing', welcome 'sugeng rawuh, happy new year 'sugeng warsa enggal', merry christmas 'sugeng natal', lan sanesipun. Ing mriki tembung ingkang kategesan 'sugeng' (selamat) boten kedah good, happy, lsp nanging ugi maneka warni miturut pandhapukipun. Awit pambage menika kalebet idiom ingkang boten saged kaewah-ewahan, tembung-tembung menika boten saged dipuntegesi saperangan-saperangan.

MULYANTO  
Staf Balai Bahasa Yogyakarta

## PIGUNA

မြတ်စွာ

## Manungsa Prayoga Narima

- Anggoe ana donya tinitah kangelan  
lan susahing manungsa kang sathithik kawruhe


"*Ing sajroning Qur'an anyaritakake: manungsa iku tinitahake ana sajroning kangelan.*"


"*Mungguh sasebutaning Qur'an mangkono iku ora nyimpang lan kanyataane, ora ngemungake kangelaning badan, ananing ta kapriye, rehne wis kabanjur dadi manungsa, sanadyan kangelan sapira bote iya kudu dilakoni witne upama sumingkir ing kangelan bakal kapriye, apa nglampus, mangkono maneh waniya kangelan bae ora wani.*"

"*Saka pamikirku ngawit iki becik angklakoni sabarang kang ora kena disingkiri, kalawan ora was-was, dadi kena diarani wong sabar lan narima utawa kena diarani wong kandel imane, sarta wong eling Pangerane.*"

"*Susah banget manungsa iki yen sathithik kawruhe, awit ora bisa anganakake budi kang prayoga, malah sepi budine babar pisan, dalah amatrapake badan,*

*pangucapane, mulate bae ora bisa, wekasan tiba ing ngendi-endi panggonan tansah ora oleh mulya, iku apa becik lan apa iku kang dadi pangajapaning manungsa, saka layake ora mangkono, mungguh gone ora bisa matrapake badan, ora bisa matrapake pangucap, ora bisa matrapake pamulat, iku saka kurang titimbangane kang prayoga lan kang ora.*"





"Seneng banget manungsa iki yen sugih kawruh, awit bisa anganakake budi kang prayoga, bisa matrapake badane, bisa matrapake pangucape, bisa matrapake pamulate, wasana tiba ing ngendi panggonan tansah oleh mulya, iku apa ala lan apa iku kang ora dadi pangajapaning manungsa, layake ora mangkono, mungguh gone bisa anganakake budi kang prayoga, bisa amatrapake badan, pangucap, pamulat, iku saka kehe titimbangane kang prayoga lan kang ora, mulat manungsa iku perlu banget sabisa-bisa angekeh-ekehake kawruh."

Ing seratan nginggil menika wonten kalih perkawis ingkang dipun cariyosaken, inggih menika:


1. Bab manungsa gesang ing alam donya kedah nglampahi rekaos. Mbok bilih sampun dados kodrat saking Gusti Allah, bilih manungsa kedah nglampahi rekaos, awit wonten ing pagesangan sadinten-dinten manungsa kedah saged nyekapi kabetahanipun, menapa ingkang wujud sandang, pangan, papan kasarasan, kapinteran lan sanes-sanesipun.

Awit sedaya kabetahan menika kedah dipun budidaya amrih saged kecakapan, lan mboten saged dhateng piyambak. Kanthi menika pramila manungsa mboten namung mendel kemawon nanging kedah tumandang makarya.

2. Bab manungsa kedah nggadhahi kawruh. Supados anggenipun makarya saged rancag lan gangsar manungsa kedah gadhah ngelmu utawi kawruh, saya kathah kawruhipun saya badhe langkung gampil anggenipun makarya kangege nyekapi kabetahanipun.

Kados pundi caranipun supados angsal kawruh ingkang murakabi, manungsa kedah sinau ngupadi kawruh utawa ngelmu, menapa kedah meguru, maos buku, lan sanesipun.

(Kapethik saking Serat Puspita Mancawarna 1)  
TULUS WIDODO



## GEGURITAN

॥ ຖົມກິດເຫຼານ້າ ॥

### SUGENG WA

#### Welingi Ki Lemah Teles

Dak njupuk dluwang sasuwek paringane Ki Lemah Teles  
Dak waca, dak lelimbang unine tembung-tembung endah  
Kang karipta ing gurit kanthi sesirah tuwa kuna kuwawa tapa  
Kuna saiki doyan trasi.

Apa marmame urip kang kudu dibundheli  
Tan ana liya sabdane para lebda  
Kang wus kasinungan pamurwat bobot  
Supayanta dadiya bibiting budi basuki  
Darmane titah utama iku bangkit bangun jejering  
Urip kang ginelung ing trisula  
Sila kapisan nggesangi sesami  
Leladi sesame  
Sila kapindho nggesangi sato  
Sila katelu nguripi tanem tuwu

Empane kinanthen karesnan nyata  
Panggilinge penggalih hawya kongsi gampang tindhuh  
Dimen luar saka sapu dhendhaning Pangerner  
Sabab talentane ngaurip wus pinantha-pantha pinasthi  
Kalamun wus kasamadan dating manon, hamanon, pamulune pindha duwung mingis-mingis piningit tan kena konus, kalamun tinatang tatingane tuhu kukuh.

Mulane den prayoga manungsa tansaha dhudhuk-dhudhuk  
Dhudhah-dhudhah sarta gugah-gugah, kanthi tliti, tlaten  
Taberi ngudi sregep neges mrih lestarine gesang  
Tepasing karahayon salugune lugas  
Resik tan kaworan reget  
Gegayuhane manjing mulya,  
Nala nayogyani nadpada  
Mulane den upadi rah adi yuwana  
Dimen sepa, sepi saka pasulayan

Yen mangkono  
Wus tan samar kang wus nyata kawileting wangsit  
Sabab rasa rumangsa wus sirna larut tan ana

katresan,  
Sing ana hamung karesnan

Sawuse ngisep sarine rasa  
Den mulat kang wilet  
Tumanggap eseme jagad utama  
Maknane urip tata manungsa  
Urip hanguripana  
Gesang hawya kongsi gosong sarta geseng  
Sing ruwet ruwatana  
Sing laras engga den resepi  
Iku jiwa kang wus kejaten  
Netepilaku utama  
Sebab tumindak iku salugune lagu, lugas, lugu  
Kagolong prasaja tanpa praceka

Kalamun sang surya wus kadhung kaling aldaka  
Tan suminar sorote, tumuli antinen kidhung kamulyaning lahir batin  
Trus manjing kabuyutan gesang kang tansah ngeblat marang  
Lenggahe pandhite resi ngetung tesbeh  
Lire papane ditata, reresik ati  
Dimen gegayuhane netes kabeh  
Pepuntone rembug  
Tuwa kang sejati  
Pupuse tansah ngengidung marang pepudyany jati

Pasa 1438

#### Angon Ulat

Wong kang tan nate nandhang prihatin ora bakal kasinungan rasa pangrasa kang njalari tekane rasa trenyuh lan welas lahir batine.

Wong kang wis nate ketaman ing prihatin luwih bisa ngrasakake penandhange wong liya.  
Mula adhakane luwih gelem  
aweh pitulungan marang kang kasusahan

Sok sapaa bakal nduweni rasa kurmat marang wong kang tansah katon bingar lan padhang polatane,

nadyan ta wong mau nembe bae nandhang susah  
utawa nemoni pepalang ing panguripane.

Kosokbaline, wong kang tansah katon suntrut  
kerep nggrundel lan grenengan  
merga ora katekan sedyane  
iku cetha bakal koncatan kekuwatanning batin lan  
tenagane  
tangeh lamun entuka pitulungan,  
kepara malah dadi sesirikaning mitra karuhe

### Ngudi Pakulinan Becik

Yen sira kulina ngeningake cipta resik parak esuk,  
lawas-lawas bisa ngeningake cipta wayah bengi uga,  
sangsaya lawas maneh bisa ngeningake cipta  
sawanci-wanci.  
Sabarang pratingkah dadi pakulinan menawa  
katindakake kanthi ajeg,  
sarana panglatih kang tumemen lan ora bosen.  
Kalawan mangkono kang maune rinasa rekasa lan  
abot,bakal sirna.  
Nora beda yen sira kepingin nanem wiji kautaman,  
iya kudu kagladhi kanthi temen tanpa bosen.

Mula yen wayah wengi langite resik  
tumengaa ing akasa,  
sira bakal nyipati saperangan gelaring alam.  
Abyoring langit kang sumilak sinebaran  
lintang-lintang pating krelip gedhe cilik  
kaya wis sengadi tinata panggonane,  
angine sumillir ngobahake kekayon lan  
gegodhongan  
lan ngandhut aruming gandane kekembangan.

Sing kaya mangkono sayekti bisa nuwuhake  
rasa pangrasa tentrem ing atinira.  
Nanging luwih saka iku,  
apa sing kaya mangkono mau ora ngosikake sira  
tumrap kaluhuraning Kang Maha Agung  
kang wus mranata sakabehing mau?

### Sabda Pujangga

Ora ana wong kang ingaranan 'urip'  
kejaba kang mikir sarta tresna  
marang wong kang ringkiih lan nandhang cintraka.  
Melu ngrasakake kasusahan sarta lara lapane wong  
liya.  
Kantri pangrasa mangkono mau tlonjonge  
bisa nggadhuh kekuwatan kang tanpa wates,  
perlu kanggo mitulungi sapadha-padha  
kang kahanane luwih nrenyuuhake katimbang dhiri  
pribadhine.  
Pakarti mono darbe kita dhewe,  
nanging wohe pakarti mau dadi kagungani "kang  
Gawe Urip",  
mangkono sabda pangandikane Sawijinine pujangga  
kaloka.

### Mawas Dhiri

Den prayoga baut mawas dhiri  
Den bisa manjing ajur ajer,  
ngerti empan papan  
laras karo reh swasana sakupenge  
tanpa ninggalake subasita.  
Paribasane wong kang baut ngadi sarira,  
aja mung kalimput edhining busana bae  
nanging den bisa tansah mersudi  
marang padhanging semu lan manising wicara  
tanpa nglirwakake marang alus lan luwesing solah  
bawa.

### Impen

Ngeglag cetha cahyamu mblerengi  
Lathinira lir manggis karengat  
Anyangkal putung uwange  
Pantes lamun mbesengut,  
Idepira tumawang langit,  
Manise yen tumenga,  
Lamun thenguk-thenguk,  
Janma kang sami wuninga,  
Pan sadaya kang ndulu  
Sami kepengin kudu ngajak sandhingan

## Astutijati

Angurbaya naliti sabdane paniti sastra kang aweh sesuluh,  
tinimbang nglambrang dedawa wirang  
kang hamung antuk susuhing susah,  
sekaring rubeda.  
Boya prayoga urip kang kalantur tanpa tutur,  
pramila enggal muliha nguwot wara kawireh,  
sarta reh prentahe turuten supaya uripmu bisa sareh, atisemeleh

Sajroning perlambang rakitaning sastra rimbang-rimbangen, sing ngambah buwangen kang truntum arum rumatono.

Dene kang cundhuk cumondhok candhinen ana ing sariranto.  
Kalamun harsa mbeblesake rasa den prayoga jajag-jajag kedhunge basa. Karana basa lir talang ilen-ilening rasa, kang gumrojog gawe seger, kanggone sing ketaman sing cacat oncat sing luput linempit.

Titah kudu kasdu anggeguru gelare lungsit,luhure kawireh, kang ngraggeh nugraha. Kalamun wus wani lenggah ing urubing latu,ya kuwi kang bisa antuk kamulyan.

Astutijati tapane ati temen  
Tapane lathi meneng  
Tapane jiwa eling  
2017



SUGENG WA, wartawan,  
budayawan, ahli  
tosan aji lan kawruh Jawa.  
Nulis gurit, esei, lan buku budaya.

## SAPU REGEL

## MC SURANDI

Asmaradana Bawaraga  
Lrs. Pelog Pt. Barang

2	3	3	3	3	3 .	2	7	2 . 3	. 0
Ki -	dung	kas -	ma -	ran	ka -	pyar -	si		
6	7	2	3 . 2	7	6 . 7	2	3 . 2	7	. 0
Bu -	ka	wi -	wa -	ra -	ning	wa -	rah		
2	3	3	3 .		5	6 . 7	2	3 . 2	. 7
Kang	tu -	mrap -	ing		be -	bra -	yan -	e	
6	7	2	3 2	7	6 . 7	2		3 . 2	. 7
. 0									
Ing	ja -	gad -	ing	pa -	sra -	wung -	an		
7	7	7	7 2	6 . 7	2	3 . 2	7 6 . 0		
Kang	wre -	dha	lan	ta -	ru -	na			
2	3	3	3	5	6 7		2	3 . 2	. 7
. 0									
Si -	ne - bat	ing	u -	nggah		u -	ngguh		
6	7	7	7	2	6 . 7	2	3 . 2	7 6 . 0	
Pra -	yo -	gi	den	ma -	nger -	tos -	a		

## 2. Balungjanur sada nenggih

Den esuhi lamun kathah  
Sapu nenggih kang arane  
Tuhu kakiyatana  
Damel resik sanyata  
Nging sada setunggal  
lamun  
Pasthi tan saged kalakyen

Sembada ingkang jinangka

3. Sapu enggal kang sayekti  
Betah suh ingkang prakasa  
Mrih kiyat lan sentosane  
Kaangge ing latar jembar  
Saperlu pangrimatipun  
Murih piguna ing karya

6. Para anem dipun eling  
Kados pundi lelabetan  
Kang sampun katindakake  
Dening para wredha tama  
Labuh mring nusa bangsa  
Tan kantun ing brayan  
agung  
Miwah ing brayat kluwarga

4. Pan wus dangu ngge  
reresik  
Sapu regel aranira  
Sampun kathah paedahe  
Kangge nyapu latar  
jembar  
Tamtu kirang prayoga  
Yogi kangge uwuh-uwuh  
Myang krakal pating  
salebar

7. Pra adiyuswa pun pasthi  
Bombong nuntun lakunira  
Pra taruna sedayane  
Tan wigih anyuwun pirsa  
Lamun wonten rubeda  
Aywa ngaku sampun putus  
Ing reh bebrayan kang tata

5. Sapu regel panjang ugi  
Gegambaran pasrawungan  
Para sepuh lan mudhane  
Sapu enggal pra taruna  
Regelingkang pun yuswa  
Sedaya nunggaling kayun

8. Lamun ngaten tindak reki  
Sembada ingkang sineady  
Jumbuh kang ginayuhake  
Sapu regel kaedegna  
Tandha olah batinnya  
Muhung mring Hyang Maha  
Agung  
Mugiya paring raharja

Kaserat titi surya 25 Oktober 2017  
i n g K e m b a n g N a n g g u l a n  
Kulonprogo

# Sapa sing Salah

HENGGAR WAHYUTI

**W**IS udakara limalas taun Budi lan Dewi anggone omah-omah, ewasemono ora nate ana cecongkrahan kang serius ngrenggani anggone bebrayan. Malah katon harmonis runtang-runtung saanak-anake, kepara saben ana dina prei tansah digunakake kanggo nglelipur ati dolan ing papan wisata.

Anake kang pembarep wis SMP kelas sanga, sedhela maneh mlebu SMA, sing wiwit mbutuhake ragad ora sethithik. Apamaneh yen mlebu sekolah swasta, kabeh ora ana sing gratis saka SPP nganti uang gedhung. Mulane Dewi anggone nyambut gawe sengkut supaya bisa nyelengi kanggo ragad anake mlebu SMA lan mbesuke bisa nerusake kuliyah ing pawiyatan luhur sing apik. Semono uga Budi emoh kalah karo sing wadon, semangate bakal nyenengake kulawarga makantar-kantar direwangi nglembur- nglembur kareben celengane enggal nglumpuk akeh.

Manungsa mono mung tekan rencana dene urip iku wis diatur dening Kang Maha Kuwasa, Budi uga ora bisa suwala nalika kudu leren anggone nyambut gawe amarga papan anggone nyambut gawe bangkrut, lan dhirekture kudu mlebu tahanan amarga korupsi. Mula mung Dewi dhewe saiki sing montang-manting golek butuh, amarga Budi durung antuk pagaweyan maneh. Rumangsa mung dadi pengangguran Budi dadi gampang emosi, sithik-sithik dadi bahan kanggo rame karo bojone, endi sing rumangsa disepelekake, endi sing cemburu karo kancane kerja bojone, endi sing rumangsa ora digatekake lan liya-liyane. Yen wis ngono mau Dewi bisane mung nangis, kudu kepriye maneh olehe njentrehake karo bojone, menawa kabeh pandakwane mau ora bener.

“Pak, demi apa wae wis, aku iku ora tumindak sing ora bener,” kandhane Dewi marang Budi nalika kekarone padha regejegan.

“Ora ngandel, aku duwe bukti lan seksi,” Budi nyaut sero

“Buktekna nek aku salah Pak.”

Budi mung meneng amarga pancen sejatine ora

duwe bukti.

“Wis, pokoke kowe metu wae olehe nyambut gawe, apa alihan papan,” panjaluke Budi.

“Aku gelem metu, ning cukupana kabeh butuhe kulawarga iki, aku tak momong bocah-bocah.”

Budi mung meneng rumangsa dheweke ora bisa nyukupi butuhe ngomah, amarga pancen lagi dadi pengangguran.

“Pak yen guneman kuwi sing apik, amarga kadhangkala omongan iku bisa dadi donga”

“Ya, wis lah karepmu,” Budi sengol karo ninggalake bojone lan nutup lawang kamar setengah dibanting.

“Hhhh...iki lelakon apa?” gresahe Dewi

Dinane lumaku dadi minggu terus ganti sasi lan taun, ora ana sing beda saben-saben keprungu swara pating regejeg antarane Budi lan Dewi, sing biyen kulawarga iku tansah runtang-runtung nanging saiki malik grembyang, ora ana maneh gathuking ukara yen padha rembugan. Saben bali saka nyambut gawe Dewi wis dipethukake bojone kanthi ulat kang ora nyenengake, sing kudune terus bisa ngaso ngeluk boyok malah diajak padudon sing undheraning prakara mung padha wae.

“Mampir ngendi Bu, kok nganti yahmene?” pitakone Budi nylidiki.

“Ra ana pitakonan liya pa Pak, saben telat sithik pitakonane padha,” wangslane Dewi anyel.

“Lha, aku iki dadi wong lanang wajib ngerti ta, yen bojone mulih telat kuwi saka ngendi?”

“Wis ra percaya tenan ta pak karo aku, tak rewangi kaya ngene ben cukup butuhe kok malah dipaido terus karepe kepriye ta?” Dewi wiwit emosi

“Ya, kandha ta, yen arep mulih telat kuwi, wong ya duwe HP...yen wegah telpon ya sms, sepira ta abote!”

“Dadi mung kuwi masalahe, upamane aku mau mung mampir blanja neng warung pinggir desa kana kae ya kudu laporan, sing blanja rak ya ora mung aku ta, nganggo ngantri barang.”

“Alasan!”

“Wooo...wong ki yen wis duwe pikiran ala, aku ngomong sabenere kae tetep ora ngandel, yaterserah arep nganggep aku apa Pak, aku wis kesel lan ora jenak nunut mulya sampeyan.”

“Terus apa karepmu?” Budi nantang

“Mbokmenawa sampeyan luwih seneng yen aku lunga saka omahmu iki ta, aku wis nyepeti mripat ta... Oke...aku titip bocah-bocah,” wangslane Dewi karo ngampet luh sing wiwit nelesi mripate.

Klepat Dewi nyaut tas lan klambi sacukupe banjur ninggalake bojone sing isih nesu, motor dikeplasake ninggalake omah sing dadi kenangan sasuwene iki. Durung ana papan sing bakal dituju Dewi, atine bingung, judheg, mangkel lan sedhih kudu ninggal anak-anake.

Alon lakune motor banjur mandheg, nelpon kancane sekolah biyensing nganti seprene isih legan.

“Halooo..”

“Hai...Wi, kok tumben surup-surup nelpon, digondhol wewe pa? pitakone Titik nggodha.

“Tik...” Dewi nangis.

“Lha malah nangis napa ta, wis mrene wae crita neng omahku.”

“Ya Tik, aku OTW ya”

“Ya tak tunggu.”

Dewi age-age nglakokake sepeda motore mlaku ngener omahe Titik sing udakara rong puluh menitan saka anggone mandheg mau.

Omah cet biru nom iku katon padhang amarga saben pojok omah direnggani lampu, ing teras katon luwih padhang lampune, madhangi Titik sing lungguh ijen nunggu tekane Dewi kanca rakete jaman sekolah biyen. Swara motor mandheg ing ngarep teras, katon Dewi mudhun saka motor banjur mlayu munggah





teras ngrangkul Titik karo nangis ngguguk, Titik bingung arep kepriye anggone gawe menenge Dewi supaya bisa crita.

“Wik...sabar ya...ana apa ta...wis lungguh dhisik ...sing sareh, critaa alon-alon nek aku bisa ngrewangi tak rewangi ngudhari.” Titik ngerih-erih Dewi sing isih kamisesegen

“Tiiii...k” Dewi miwiti guneman.

“Sik, tak jupuke wedang,” Titik mlebu njupuk wedang.

Sawise teh anget lan nyamikan pisang goreng cumepak neng meja, Titik ngulungake gelas supaya Dewi enggal ngombe mumpung isih anget.

“Wis ndang critaa, tak rungoke” Titik selak kepengin ngerti.

“Tik, aku lagi wae padudon karo bojoku, sing kahanan ngono iku tak lakoni aben aku mulih saka nyambut gawe,” Dewi mandheg.

“Terus...”

“Terus iki mau aku wis ora kuwat tenan, aku lunga saka omah, apa oleh aku nginep kene Tik?”

“Nek aku oleh-oleh wae, banjur apa kowe ya tegel karo anak-anakmu?”

“Jan-jane aku ya ora mentala Tik, nanging kepriye maneh, aku mung tansah mangan ati, didakwa sing ora-ora, kamangka aku iki ora tau tumindak kaya sing dituduhuhake marangaku.”

“Ooo...ngono masalahe, ya rapapa malah kena nggo kanca aku, wis neng kene wae nganti kowe oleh solusi”

“Ya Tik, nuwun banget ya.”

“Ya wis, saiki mlebu ya, kae motore dileboke garasi dhisik mengko terus ngaso”

“Ya Tik.”

Wengi iki Dewi nginep ing omahe Titik, nganti esuk wong loro durung padha turu, Dewi lan Titik padha nyritakake pengalamane sawise padha lulus biyen.Crita anggone Titik nganti tekan saiki ora gelem omah-omah amarga pacangane biyen uga asring cubriya marang Titik.

Ora krasa wis sewulan Dewi ninggalake omah lan manggon ing omahe Titik,anake sing kadhangkala nelpon menawa kangen marang ibune. Dewi dhewe uga ora bisa ngampet kangene marang anak-anake mulane yen ana jam istirahat digunakake mlayu sedhela ngungak anake ing sekolahane.

Sore-sore Dewi lan Titik padha mbubuti suket ing latarsinambi crita ngalor-ngidul, dumadakan keprungu swara motor mandhev neng sandhinge karo sing numpaki mbengok uluk salam “Sugeng sonthee...n”

Wong loro kaget banjur padha noleh, bareng ngerti sapa sing lagi wae teka sakloron padha bengok bareng “Kodhoooooo....k!!!! karo mlayu nyedhaki.

“Asem tenan kok cah loro iki, mosok wiwit biyen nganti saiki jenengku isih kodhok terus, mbok ya muni mas Eko ngono lhooo,” panyuwune Eko sing emoh diceluk kodhok

“Emoh, luwih akrab nek muni kodhok je,” wangsulane Titik

“Ayo lungguh ndhuwur kana,” Dewi ngajak tamune.

Wong telu padha munggah teras banjur lungguh kursi rotan tinggalane simbahe Titik. Pancen umure kursi kuwi luwih tuwa tinimbang Titik, nanging wujude sing unik lan isih pengkuh kuwi dadi pepinginane wong akeh, ana sing nate arep mundhut kanthi rega sing dhuwur. Nanging ibune Titik ora marengake.

“Njanur gunung Ko,ana angin apa kok sampeyan tekan omahe Titik iki?” pitakone Dewi.

“Lha...sliramu ngapa kok ya neng kene?” Eko mbalik pitakon.

“Wah, nek kuwi beda cerita ya, Dewi manggon kene karo aku,” wangsulane Titik.

“Aku kepengin nglumpulke kanca sekolah biyen arep tak ajak reuni, piye?”

“Aku setuju Ko, kowe piye Wik?” Titik genti takon Dewi.

“Nek aku ki nyengkuyung wae.”

“Gilo wis dha sarujuk, terus kapan arep diadani?”

Titik sajak ora kanti.

“Suk lebaran wae, dina kaping lima.”

“Wooookkeeyyy....” pambengoke Dewi lan Titik meh bareng.

Akeh kang dirembug tetelune nganti ora krasa wektune wis wengi, mula Eko enggal-enggal pamitan merga rembug sing wigati uga wis ora ana aneh.

Dewi lan Eko kadhapuk dadi ketua lan wakile ing acara reunian sing bakal diadani ing dina lebaran mbesuk. Mula kekarone kerep lunga wong loro nggoleki alamat-alamate kancane biyen sing durung ketemu. Dhasar jaman semana Dewi lan Eko nate sesambungan tresna nanging amarga padha adoh anggone nyambut gawe dadi ora bisa nyawiji malah Dewi terus rabi karo karyawan perusahaan sandhinge kantore, amarga saben bali mesthi bareng olehe tekan dalam gedhe.

Amarga saiki atine Dewi krasalagidiadhul-adhul mula nalika ketemu Eko lan bisa diajak ngobrol, Dewi rumangsa nemokake kanca ngobrol saliyane Titik. Mbaka sethithik anggone ngrasakake judhev uripe keslamur, dening guyunan-guyonane Eko. Budi sing saiki nggetuni omongane lan sikepe biyen, wis kentekan dalam olehe arep ngajak bali bojone. Ana rasa gengsi, egois isih nguwasanijiwane. Swarane sing atos marang bojo, gampang emosi lan sujanan durung bisa ilang, malah ora enggal-enggal ndandani supaya bebrayane tentrem maneh. Apa ora eman yen Dewi sida digondhol Eko pacare biyen, kamangka saiki asring lunga bareng ngurusi kegiyatan temu kanca lawas. Kamangka maneh Eko isih nyimpen rasa tresna marang Dewi, satemah nganti ing titi wanci iki durung bisa nampa wanita liya. Yen wis kaya mangkene iki apa Budi uga isih kukuh marang gengsine, yen nganti Dewi lan Eko gandheng tresna, apa ora merga omongane Budi biyen sing tansah sujanan tundhone saiki dadi kasunyatan. Mula omongan iku dijaga menawa dadi donga ya donga sing becik. Njur antarane Dewi lan Budi sapo sing salah yen ngene iki?

## Labuhan Nelayan Mina Bahari Depok

**W**is kawit taun 1998 warga Depok, Parangtritis, Bantul nganakake Tasyakuran Labuhan Nelayan Mina Bahari. Ing taun 2017 acara kuwi mau ditindakake ing dina Senin, 16 Oktober 2017, kawiwitan jam 13.00 WIB. Ana patang RT ing Padhukuhan Bungkus lan patang RT saka Padhukuhan Depok, Parangtritis sing nindakake acara iki mau. Ubarampe sing bakal dilabuh luwih dhisik diarak utawa dikirab saka SD Bungkus tekan TPI Depok, adohe kira-kira 2,5 kilometer. Adicara Labuhan Nelayan Mina Bahari mesthi dianakake ing wulan Sura

kanthi njupuk dina ing malem Jumat utawa malem Selasa. Kaya sing wis kerep dumadi, labuhan iki mesthi dirawuhi tamu sing ewon cacahe. Labuhan diwiwiti kanthi donga bebarengan, kirab gunungan lan labuhan ing Samodra Kidul. Kagelar kesenian jathilan sarta pergелaran ketoprak Kelompok Narotama, lakon Keris Mataram. Dene bintang-bintang tamune ing pergелaran kethoprak mau ing antarane yaiku Dalijo Angkring, Angger Sukisno, Rini Widystuti, Sarjono, Gathot, lan liya-liyane. (abs)



# Temu Sastra Jawa DIY 2017

## Caos Panjurung Mekare Budaya

**S**EJATINE, sastra Indonesia iku sastra dhaerah jalaran kabeh mula bukane saka kapitayane lokalitas. Mula sastrawan Jawa bakal luwih gampang menawa padha arep nyempal nulis nganggo basa Indonesia. Novel Siti Nurbaya, apa dene Pengakuan Pariyem, satemene kisah lokal, carita kang undering perkara ngonceki masalah lokal. Tumrap sastrawan Jawa bakal kangelan yen mung mligi ngugemi romantisme Jawa, mligi mung nulis nganggo basa Jawa kang medhiane sansaya rupak. "Kudune ora cukup mung nguri-uri nanging uga ngurip-upri. Carane, ya kudu tansah gretek lan temen anggone gawe riptan susastra migunakake saliyane basa lan budaya Jawa," ngendikane Prof. Dr. Suminto A Sayuti nalika paring andharan ing Temu Karya Sastra Jawa 2017.

Jamane wis beda. Saiki, sastrawan utawa pujangga Jawa wis ora kagungan patron utawa panjer kuasa meneh. Jaman semana ratu utawa raja dadi patronne para pujangga, saiki sastrawan kudu mandireng anggone gawe riptan susastra. Wis ora gumantung maneh marang liyan, mula

nuwuhake tanggung jawab pribadhi kang kudu tansah ngudi amrih terus bisa gawe riptan susastra kang monjo lan mejila. "Sastrawan Jawa kudu tansah sregep golek tambahan seserepan saka saliyane kawruh Jawa," ngendikane mahaguru FIB UNY kang uga sastrawan iki.

Temu Karya Sastra DIY diadani dening Dinas Kebudayaan DIY kanthi bakuning rembug bab "Tepung Sastra, Srawung Dunung ing Ngaurip". Kang kaaturan rawuh luwih saka 100 penulis sastra lan budaya Jawa. Temu karya uga mirengake sabda pangandikane Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Drs. Umar Priyono. Bareng karo pasamuan iki dibabar antologi cerkak, geguritan, lan esai Jawa deninga pengarang sastra lan budaya ing DIY. Temu Sastra ing Hotel De Laxton, 26-28 Oktober iku uga mirengake andharan saka Kepala Dinas Pendidikan, Pemuda, dan Olahraga DIY lan Kepala Balai Bahasa Yogyakarta. Nalika Erlina Hidayati Sumardi (Dinas Kebudayaan DIY) lan Laga Adhi Dharma (FIB UGM) paring andharan, tuwu pengangan internasionalisasi basa Jawa. Jalaran, penutur basa Jawa saiki orang kurang saka 82 juta jiwa, sumebar ing Nusantara lan negara manca. (aye)

Para peserta Temu Sastra (foto-dok Disbud DIY)



Para peserta Temu Sastra (foto-dok Disbud DIY)



### Rekomendasi Temu Karya Sastra 2017 "Tepung Sastra, Srawung-Dununging Ngaurip"

1. Sastra Jawa minangka salah satunggiling wadhah menggahing kabudayan Jawi pramila wajib dipunlestantunaken dha dipuntumangkaraken ing madyaning masarakat Jawi.
2. Nilai-nilai ingkang ginerba ing sastra Jawi kejawi kangge sarana edhukatif-kultural, sastra Jawi ugi minangka cathetan etnografis masarakat Jawi ing satengahing owah-gingsiring jaman.
3. Sastra Jawi ing Ngayogyakarta perlu dipuntumangkaraken kanthi cara ingkang kreatif linandhesan semangat enggal tanpa nilaraken nilai-nilai wigatos (esensial) kabudayan Jawi, langkung-langkung kabudayan Jawi ingkang tumangkar ing DIY lumantar maneka warna program kegiatan.
4. Sastra Jawi dipunudi mlebet jagading literasi ing sekolah-sekolah ing Daerah Istimewa Yogyakarta saperlu kange mbangun jiwa kebangsaan.
5. Adicara Temu Karya Sastra Jawa sampun wancinipun dipunwiyarakken tebanipun mboten namung ing Daerah Istimewa Yogyakarta kemawon, ananging ugi nyrambahi dhaerah-dhaerah sanes ingkang anggadahahi potensi sastra Jawa ing dhaerah regional Jawa (Jawa Tengah, Jawa Timur, Jawa Barat—Cirebon, Indramayu, saha Banten).
6. Adicara kreatif penulisan sastra Jawi (novel) ingkang sampun dipuntindakaken dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta prayogi dipunlajengaken ing taun 2018.
7. Sastra Jawi ing Daerah Istimewa Yogyakarta prelu dipunparangi wadhah apresiasi lumantar sawenehing adicara penghargaan adhedhasar paraga/tokoh ing babagan bahasa saha sastra Jawi ingkang ageng pisumbangipun dhumateng basa tuwin sastra Jawi.



**Beksan:** krama-ngoko.jogedan (saèm, wirèng).

Tuladha: Lare-lare sami gladhen kangge pentas beksan Lawung ing bangsal Srimanganti.

**Gamen:** 1. (utawa. gégambèn) krama-ngoko. gégédhug, sing punjul dhewe; 2 ènggon- ènggonan. ugungan.

**Tuladha:** Masarakat jaman saiki. Aja “rumangsa” yen wus bisa nulis sauntara karya banjur wus gaben.

**Mêmêtri:** krama-ngoko. ngopèni lan mêmundhi; kocap. pêtri.

**Tuladha:** Para siswa mêmêtri wiji padha gegulang ing dolanan tradisional.

**Mokal:** krama-ngoko. 1 ora ana téménan, nglêngkara, ora bisa kêlakon; 2 ora kêtemu ing nalar.

**Tuladha:** Dadi ora mokal, manawa acara waosan buku tansah ditunggu pandhemene. Kejaba nglipur uga menehi wewarah.

**Moncer:** krama-ngoko. 1 arang kanggone. nglawèr dawa; 2 nglantrah (rowa) bangêt tumrap ing. crita; 3 ([x] budine) pintér, akèh sésurupane; 4 pocap. misuwur, gagah.

**Tuladha:** Pengarang sing asmane Any Asmara temen-temen prodhuktif, mula moncer tekan ngendi-endi.

**Grengsenge:** krama-ngoko. kamêmpêngan (panggrêgut) ing ati arép nindakake apa-apa.

Tuladha: “Kembang Brayan” lan “Djaka Lodhang” wujud medhia sing saya nambahi grengsenge medhia Basa Jawa awit sadurunge pancew wis ana majalah “Mekar Sari” kang diayomi Koran “Kedaulatan Rakyat”.

**Jrambah:** krama-ngoko. jogan ing omah tengah (kanggo linggihan).

**Tuladha:** Ing jrambah Pendhapa Bale Desa Bejiharjo awal Agustus kapungkur wayang beber pusaka bakal kagelar. Dipunwastani Wayang Beber lakon Panji Remeng tinggalane para ngaluhan

**Bèbèr:** ènggon- ènggonan. krama-ngoko. 1 arang kanggone.digêlar; 2 ngebarake tontonane dianggo tawa (tumrap ing.lèdhék barangsan lsp).

**Tuladha:** Wayang bèbèr pusaka pancew wus tuwa umure, kahanan kertas utawa daluwang wis ringkih. Saperangan wis pinangan ngengenget, rusak bolong-bolong.

**Ngabyantara:** saka tembung lingga byantara (ing [x]) kawi. ingarépan (pasowanana)

**Tuladha:** Para bakul pasar padha nganggo busana Jawa, pindhane arep padha sowan ngabyantara.

**Cundhuk:** I krama-ngoko. sangsangan ki. 1 rérênggan (kêmbang lsp) disindikake ing rambut (ikêt lsp); 2 (a-[x]) nganggo cundhuk; di-[x]-i: dirêngga nganggo cundhuk. II kn: 1 basa rinêngga, gathuk, kêtemu; 2 ènggon- ènggonan. cocog, salaras tumrap ing. panêmu, gagasan lsp; di-[x]-ake: 1 digathukake, dipadhakake karo; 2 dicocogake; durung [x] acandhak paribasan: durung mangrêti wis mèlu ngudhoni rêmbug.

**Tuladha:** Keistimewaan kanggo kamulyaning kawula. Cundhuk kalawan iku, mula gendhuri diadani ing tengahing pasar, papan panggonan kan saben dinane kanggo kridhaning laku dagang.

**Kaonang-onang:** saka tembung lingga kaunang-unang, (kawi) misuwur.

Tuladha: Novel anggitane Suparto Brata dadi kondhang kaonang-onang lan malah diterjemahake ing pirang-pirang basa donya, Isih akeh maneh karya-karya sastra lawas liyane sing cukup kondhang lan nduwени bobot ngedab-edabi,paribasane ora gapuk dipangan jaman.

**Suluk:** krama-ngoko. 1 ènggon- ènggonan. têtêmbungan; 2 kêkidungan dhalang arép nyritakake (ngocapake) wayang; 3 layang têmbang sing ngémot piwulang (ngélmu) gaib.

Tuladha: Sastra Jawa lawas kaya kang tinemu ing sastra suluk akeh sing ngemot kawruh-kawruh luhur tumuju marang kasampurnaning urip.

**Siningid:** saka tembung lingga singid. di-[x](ake) ènggon- ènggonan. krama-ngoko. didhêlikake, diumpêteke; (sê)[x]-an: 1 ènggon- ènggonan. umpétan, ndhêlik; 2 dhêdhêmitan,sêsidhêman.

Tuladha: Menapa malih basa Jawa menika kebak tatakrama saha uggah-ugguh. Basa Jawa ugi kathah pitutur luhur ingkang sinigid.

**Mathis:** krama-ngoko. 1 trêp bangêt, dhamis, cocog bangêt; 2 bêcik lan bénêr panganggone (pangêtrape) tmr. têtêmbungan lsp.

Tuladha: Tembung lan ukara sing dudu tembung Jawa, ning tembung basa Indonesia. Bab kuwi, gayut karo sumber crita seka manca utawa Indonesia. Dadi kalamangsane, ora tinemu tembung sing ceples, utawa mathis karo tembung asline.

**Samun:** krama-ngoko. 1 sépi, ora rame; 2 suwung; 3 ora kêtara, ora katon cêtha; 4 ènggon- ènggonan. tanpa karkat, katon kêmba; di-[x]: disamar, digawe murih ora kêtara; nyamun laku: nindakake apa-apa kalawan dhêdhêmitan

Tuladha: Bab kuwi gayut karo tegese Sandiwara sing kaimpun seka rong tembung. Sandi; digawe samun, lan Wara seka tembung wewarah utawa wara-wara. Sandiwara kuwi wewarah, wewarah sing digawe samun.

# Pengarang Sastra Jawa Bantul

## Nyawiji Gawe Paguyuban

**W**atara pitung puluhan lima pengarang-sastrawan Jawa ing Kabupaten Bantul, kalebu para guru basa Jawa SD, SMP, SMA/SMK kang kagabung ana Musyawaaah Guru Mata Pelajaran (MGMP) basa Jawa, ngadani sarasehan lan temu sastrawan Jawa taun 2017 kang disengkuyung dening Dinas Kebudaayaan Kabupaten Bantul, mapan ing Aita Coffe, Bantul.

Manut palapurane Bambang Nugroho, pengarang sastra Jawa ing Bantul, pinangka panitia kang duwe ada-ada (inisiasi), menawa sasuwene iki akeh penulis utawa sastrawan Jawa kang mapan ana laladan Kabupaten Bantul nanging durung tau ketemu ana salah sawijining patemon kanggo wawan rembug utawa piteungan ana jagading kabudayan.

Kadereng saka pepinginan bisane para pengarang utawa sastrawan Jawa ing Bantul bisa padha tepung lan pirembungan bebarengan ana saweneh pengarang sastra Jawa Bantul kayata Bambang Nugroho, Ardini Pangastuti, MG Widhi Pratiwi, Banuarli Ambardi, Tedy Kusairi, Bardikari Jatmiko uga Nur Rois banjur ngadani patemon cilik-cilikan kanggo nggagas anane patemon penulis pengaragn sastra Jawa ing Bantul. Ada-ada (insiasi) kasebut prnyata antuk kawigaten kang mirunggan dening Tri Jaka Suhartaka, S.Sos Kasi Basa lan Sastra Dinas Kebudaayaan Kabupaten Bantul banjur disengkuyung (difasilitasi) supaya engal diadani patemon kanthi sarasehan lan temu pengarang.



Sunarto, SH MH,  
Kepala Dinas  
Kebudaayaan  
Kabupaten Bantul  
nalika maos  
geguritan ing  
Temu Sastrawan  
Jawa Bantul 2017  
(foto-din)

Mula Kepala Dinas Kebudaayaan Kabupaten Bantul Sunarto, S.H MH ana kalodhanan kasebut paweh apresiasi lan nyengkuyung kiprahe para pengarang-sastrawan Jawa ing Bantul, supaya bisa terus makarya lumantar tulisan utawa karangange kang klebu sastra Jawa kayata geguritan, macapat, crita cekak, novel, esai, naskah sandiawara, naskah kethoprak, naskah wayang, langen carita, legendha lan liya liyane. "Supaya ana sambung rasa ing antarane para pengarang-sastrawan Jawa, kaajab bisa kagawe wadhah paguyuban pengarang-sastrawan Jawa Kabupaten Bantul" tandhese Sunarto.

Drs. Purwadadi pinangka pamicara mratelake menawa pengarang-sastrawan kudu rukun kumpul nyawiji bisa dadi tekad memasuh malaning bumi. Ora gelem rukun, ora gelem srawung, ninggal asah asuh, teges ngingu lelethebing jagad raya, malaning bumi. Mula perlu anane paguyuban pengarang-sastrawan Jawa kang ana lan bisa tumanja, aja nganti para pengarang-sstrawan Jawa padha tepung nanging ora srawung. Tegese srawung gelem ketemu, wawanwicara, paweh kawruh, gelem mireng ing liyan, gelem kangelan, gelem kelangan lan seneng tembayatan memangun pamardining urip bebyaran.

Dene Soetopo Sugihartono kang uga ngembani rubruk 'Mekar Sari' kalawarti Kedaulatan Rakyat Yogyakarta luwih nengenake babagan tata carane nulis kanthi praktis supayane tulisan utawa karangan bisa kababar ana medhia massa cetak, kanthi ora ninggal tembung-tembung baku.

Ana kalodhangan kasebut para pasarta sarasehan dan temu sastrawan Bantul 2017 sarujuk kagawe paguyuban pengarang-sastrawan Jawa Bantul lan ndhapuk pengurus lumantar tim formatur dumadi daka ketua tim Bambang Nugroho kanthi anggota Nur Rois, Suyati, Umi Kuntari, Ardini Pangastuti, Fitri lan Tri Jaka Suhartaka. Saliyane iku sarasehan lan temu sastrawan Jawa Bantul 2017 uga uga kaisi wacan geguritan dening Sunarto, S.H MH dan

# Diajak Mancing

## HERRY SG

**S**AWISE salin klambi, Ipin lungguh thenger-thenger ing teras omah. Awake rada kesel awit ing sekolahana mau gotong-royong karo kanca kelompok piket kelas, njabuti suket sing thukul sangarepe kelas. Dumadakan Otong karo nggawa pancing mandheg sangarepe teras omahe Ipin.

“Pin, mancung yuk,” ajake Otong karo ngacung-acungake pancinge.

“Emoh, awakku lagi kesel. Tur aku arep sinau dhisik. Sesuk rak ana ulangan ta?” wangsulane Ipin.

“Mulih sekolah arep sinau? Mbok leren dhisik. Aja nganyaolehe ngasah pikiran. Apa pikiranmu ora kesel?”

“Ya, kesel. Nanging aku kudu nyicil wiwit saiki. Mengko bengi sinaune ya diterusake maneh. Dadi, sesuk esuk wis siap kabeh.”

“Wah, yen ngladeni sinau ora ana enteke. Pisan-pisan golek hiburan kanggo ngleremake pikiran, Pin.”

“Ora, ah. Arep sinau wae.”

“Gelem apa ora? Mengko yen entuk iwak akeh, kowe ora tak bagehilho?”

Atine Ipin dadi bingung. Sinau apa melu mancing? Yen sinau ora bakal entuk bagian iwak. Kamangka wis suwe Ipin ora mangan karo lawuh iwak. Saben dinane lawuwe mung tahu karo tempe. Pangangen-angene, yen iwak wis digoreng, banjur diduliti sambel, wua... gurih tur nikmat banget rasane.

“Ya wis, aku gelem, nanging sedhela wae ya? Aja suwe-suwe. Aku mengko bakal didukani Ibuku,” panjaluke Ipin.

“Oke, Pin. Yuk budhal saiki.”

“Eh, mengko dhisik, Tong! Aku tak pamit Ibuku, mundhak aku digoleki.”

Ipin banjur mlebu omah arep pamit Ibune. Ora suwe Ipin metu karo nganggo sandhal jepit lan nganggo topi supaya sirahe ora kepanasen.

Bocah loro banjur mlaku arah kulon, tumuju ing kali sing jarake ora adoh saka omahe Ipin. Sawise tekan kali, bocah loro banjur golek papan sangisore wit randhu sing rada eyup.

Otong gage masang cacing, banjur...plung! Cacing sing dipasang ambles sajerone banyu kanggo ngundang iwak-iwak sing mbuthuhake panganan enak awujud cacing. Otong nyekeli walesan karo mripate ngawasi senar sing nyemplung ing kali mau. Ipin lungguh sila ing suketan sacedhake Otong. Mripate uga ngawasi senar sing separe nyemplung banyu.

Hawane semilir ing kulit. Rasane seger bisa ngleremake pikiran. Sekitere papan kono akeh tetanduran maneka warna. Ana wit pring, wit mahoni, wit gayam, wit sengon, wit randhu lan isih akeh liyane. Swara ocehane maneka manuk padha saut-sautan, ndadekake regenge ing papan kono.

Ipin rumangsa seneng lungguh ing papan kono. Pancen yen dolan iku luwih kepenak tinimbang sinau terus ngadhepi buku. Saben dina rawunge mung karo buku. Ing rak kamare ana buku, Ing meja ya ana buku. Nganti ing sangisor bantal isih ana buku. Buku-buku pancen sing ngancani Ipin sadina-dinane.

Dumadakan Otong narik walesan karo mbengok sero.

“Naaa, entuk....”

“Iwak apa, Tong?”

“Wader!”

“Wah, enak yen wader. Wektu preinan rong wulan kepungkur, aku ing omahe simbahku, ya digorengke iwak wader. Wuah, rasane ngalahake iwak pitik. Digoreng garing rasane gurih. Diduliti sambel karo sego manget-manget, hemm...wis ora bisa mbayangake rasane,” kandhane Ipin karo lambene nrocos ngiler yen kelingan mangan wader sing rasane sarwa gurih kuwi.

“Mula yen kowe mau ora melu mancing, ora bakal takwenehi wader,” wangsulane Otong karo nglebokake wader ing tas kresek sing wis disiapake saka omah.

Ipin mung mesem bungah karo nyawang wader sing diseleh tas kresek kuwi. Saya suwe atine Ipin saya seneng, awit Otong sing pinter mancing wis oleh iwak akeh. Ora dirasa srengenge wiwit mrambat ing sisih kulon. Kamangka ing kono rumangsane isih sedhela banget. Ati seneng ngalahake wektu sing terus mrambat. Apa maneh hawane silir ndadekake lali wayah. Wela, jebul wis meh surup.

Atine Ipin wiwit bingung. Bola-bali nyawang langit. Srengengene wis ora katon ing sandhuwuring wit-witan.

Cahyane katon kuning semburat abang. Sedhela maneh srengenge bakal angslup. Kamangka pamite mau marang Ibune mung sedhela. Ora ngertiya nganti arep surup isih ing pinggir kali.

“Yuk mulih, Tong. Wis surup, lho. Mengko mundhak didukani Ibuku,” ajake Ipin.

“Yo wis yuk. Aku yo wis kesel kok.”

Ing dalan, Ipin mlakune rada rikat. Wedi yen ibune duka.

Bareng wis tekan ngomah, pranyata Ibune Ipin ora duka tur ora ngendika apa-apa. Ipin banjur nuduhake iwak sing diwenehi Otong ana ing tas kresek.

“Aku diwenehi iwak, Bu.”

Ibu mung mesem.

“Rene kowe.”

Ipin banjur nyedhak. Nanging astane Ibune nggrayangi pupune Ipin. Banjur, mak cewel...!

Adhuh....” Ipin mbengok sakkayange.

Pupune Ipin dicethot nganti katon gosong. Rasane pedhes campur lara. Lagi sepisan iki Ipin nampa cethotan ibune. Drijine ibu pancen cilik, nanging yen wis nyethot rasane ngluwih kethuthuk alu. Waduh, lara banget. Rasa njareme ora ilang-ilang nganti pirang-pirang menit. Ipin ndhingkluk, ora wani nyawang ibune. Wis sawetara anggone ngadeg njjejer, banjur mlaku klunuh, klunuh tumuju ing kulkas nyeleh tas kresek sing isine iwak wader.

Sawise adus, Ipin banjur sinau. Hm, angel banget anggone sinau. Pikiran ora bisa nyawiji ing buku sing disinaoni. Isi buku diwaca bola-bali, nanging ora bisa nyanthol ing pikiran.

“Piye ta iki kok angel banget sinaku,” sambate Ipin karo ngolak-alik buku sing diwaca.

Awake kesel tur mripat wis krasa ngantuk sing njalari pikirane bubrah. Ora bisa sinau kanthi tumemen. Yen ibune ngungak kamare, Ipin ethok-ethok sinau. Lambene ndremimil nerokake tulisan sing kapacak ing buku. Yen ibune wis ngalih, Ipin meneng maneh karo ngolak-alik buku.

Ipin rumangsa getun. Geneya mau gelem diajak mancing? Arep mangan iwak wader wae dilakoni nampa cethothan. Gara-gara Otong, Ipin ora bisa sinau kanthi tumemen. Wektu ulangan, Ipin nampa biji ala.

Ibune pengin ngertenai asile ulangan mau. Karo rasa wedi, alon-alon Ipin ngulungake. Ibune mriksani kanthi teliti. Bijine ora ana sing apik. Biji ngene iki sing ora dadi kersane ibu. Sawise dipriksani, Ipin diutus nyedhak.

“Sing cedhak maneh!”

Bareng wis cedhak, cewel...!

“Aduh...!”

Pupune kena cethot maneh. Ipin banjur janji marang ibune, ora bakal mbaleni dolan nganti lali wayah. Wedi yen biji ulangane abang. Yen ulangane ala, pupune bakal dadi sasaran dirijine ibu.

HERRY SG (Herry Sugianto, S.H.).Jl. Patehan Tengah 24

Kelurahan Patehan, Kecamatan Kraton, Kota Yogyakarta  
55133.

[herrysg234@gmail.com](mailto:herrysg234@gmail.com)

081 804 103 866



## Ula, Wong Atapa

MULYANTARA

**A**dipati Pragola (Wasis Jayakusuma) ing Pati iku putrane Ki Panjawi. Adipati Pragola karo Panembahan Senapati sedulur naksanak tiba enom. Adhine wadon Adipati Pragola dadi garwane Panembahan Senapati.

Dina Respati Manis (Kemis Legi) esuk, Adipati Pragola ngadani pisowan aning pendhapa agung Kadipaten Pati. Diadhep para punggawa wiwit saka jajar, bekel, penewu, lurah, tekane wedana. Uga para prajurit kadipaten. Swasana pasowan aning jejal pipit. Papan jembar katon rupak, awit saking akehe kang padha sowan.

Kang dadi lajering rembug ora ana liya kajaba priye carane mbudidaya murih undhaking wuluwetuning palemahan. Panguripane wong-wong ing desa kudu digatekake. Aja ana wong nganggur supaya uripe ora kekurangan, apa maneh kesrakat.

Dumadakan katungka sowane Raden Rangga. Adipati Pragola bareng priksa keponakane teka, astane tengen ngawe, asung sasmita supaya nyaket. Raden Rangga sigra jumangkah ngener papan palenggahane Adipati Pragola. Kamangka ing ngarep pasewakan mau ana watune gedhe kang njenggunuk. Nalika pendhapa agung dibangun, watu gedhe iku ora bisa dipindhah.

Raden Rangga lakune ora nyimpang, awit ora ana dalan liya, saking akehe kang padha sowan. Watu item gedhe kang ngalang-alangi, ditrajang. Ajur sumyur dadi sawalang-walang. Ndadekake gumune kang padha seba.

"Njanur gunung kowe teka mrene. Diutus ramamu apa saka karepmu dhewe?" pandangune Adipati Pragola.

"Saking kajeng kula piyambak, Paman. Kula nembe tampi duka, mila trimah minggat saking Mataram."

"Ya wis, saiki dileremake penggalihmu ana ing Pati kene.

"Raden Rangga rumangsa lerem atine ana ing Pati.



Sang Adipati kasok sihe marang Raden Rangga.

Sawijining dina, Raden Rangga mireng wong rerasan ngunggul-unggulake kasektene wong tapa ing Desa Kamal. Raden Rangga atine kemropok.

“Paman prajurit, mbok aku diterke neng nggone wong tapa ing Desa Kamal.”

“Menapa Raden badhe meguru?” pitakone prajurit.

“Ora. Aku mung butuh ngerti. Saben wong kok padha ngrasani bab kasektene.”

Raden Rangga didherekake menyang papane wong tapa.

“Menika, Raden. Tiyang tapa menika sendheyen ing wit asem. Awit saking sektinipun, wit asem ingkang sakawit ngrembuyung ronipun lajeng dados garing, telas ronipun. Sami gogrog.”

Raden Rangga nyaketi wong tapa iku, “Heh, wong tapa. Kowe aja gawe pangeram-eram ing papan kene. Becik kowe sumingkira saka papan kene!”

Wong tapa iku ora ngrewes marang ucape Raden Rangga.

Raden Rangga jengkel. Wong tapa iku ditempiling sirahe, sanalika njengkelang, pecat nyawane.

Sapatin wong tapa, dumadakan ing akasa ana swara dumeling, “Heh, nom-noman kang wateke degsura. Aku mratapa ing kene ora niyat ngganggu gawe marang kowe. Nanging kowe teka-teka gawe perkara. Kowe deksiya lan sewenang-wenang marang aku. Ya, titenana piwalesku. Sesuk yen ing Mataram ana ula gedhe gawe geger, ya ing kono tibanning piwalesku.”

Raden Rangga nanggapi, “Aja kokkira aku wedi ngadhepi piwalesmu.”

Bareng wis sawatara dina mapan ing Pati, Raden Rangga pamit marang pamane yen bakal bali ing

Mataram.

Satekane ing Mataram, tinampa becik dening ramane. Sabanjure Panembahan Senapati paring dhawuh marang Raden Rangga, supaya ngangsu kawruh marang Adipati Mandaraka (Ki Juru M

artani).

Raden Rangga matur sendika, banjur nyembah lan budhal menyang daleme Adipati Mandaraka. Senadyan lambene matur sendika, batine cengkah, “Kadigdayanku wis ngluwih sapepadhaku, lha kok isih didhawuhmeguru marang Eyang Juru Martani. Sing dakguroni apane?”

Tekan dalem Mandarakan, Adipati Mandaraka pinuju shalat dzuhur ing langgar. Raden Rangga ngenteni ana ing ngarep lawang langgar kang sinangga ing tlundhag (undhak-undhakan) watu item wutuhan. Sasuwene ngenteni iku Raden Rangga dolanan tlundhag watu item, dicoblosi nganggo driji. Kok sajake watune empuk wae. Olehe nyoblosi blas-bles blas-bles, watune tlundhag dadi bolong-bolong pating cromplong.

Sarampunge shalat, Adipati Mandaraka priksa Raden Rangga sowan ana ing ngarep langgar karo nyublesi watu tlundhag nganggo driji. Ing batos Adipati Mandaraka mesem, nuli ngendika, “E lha wong watu jare dicublesi nganggo driji. Watu iku rak atos ta Le.”

Mireng ngendikane eyange yen watu iku atos, Raden Rangga batine ngguyu gleges. Olehe nyubles watu malah dikayang karo matur, “Selanipun empuk kok .....

Jebul drijine nganti muni makklew, watune ora bolong. Mandi sabdane Adipati Mandaraka, watune dadi pulih atos maneh. Sanalika Raden Rangga nglumpruk lemes tanpa daya. Pasuryane pucet, tangane wel-welan, drijine tengen katon abuh mentheng-mentheng.

Adipati Mandaraka welas penggalihe. Raden Rangga dicedhaki. Tangane tengen sing isih ndredhog wel-welan diasta, drijine sing abuh mentheng-mentheng dipriksani karo didamoni.

“Drijimu iki mung kesliyo, Le. Mengko sedhela rak wis mari.”

Mandi sabdane Adipati Mandaraka. Drijine Raden Rangga sing abuh mentheng-mentheng sanalika waras lan kekuwatane bali pulih kaya maune. Raden Rangga gumun banget, nuli nyungkemi Adipati Mandaraka. Batine mbenerake ramane anggone dhawuh meguru marang Adipati Mandaraka.

Raden Rangga banjur dikanthi Adipati Mandaraka ing daleme, diwulang wuruk akeh-kehbabagan agama Islam.

"Wong urip ing jagad iki salugune mung kaya wong lelungan ing pasar, sing mengkone kudu enggal bali. Ora suwe. Coba ta delengen, wong saiki langka sing umure nganti atusan taun. Iku tegese urip ing jagad iki ora suwe, ora langgeng, bebasane mung kaya wong mampir ngombe utawa kaya wong lelungan ing pasar. Wong tinitahake ing jagad iki supaya nyembah lan bekti marang sing gawe urip, yaiku Allah Ta'Ala. Njejegake sarta ajak-ajak tumindak becik. Manungsa cinipta darbe jiwa lan raga. Jiwa iku alusing manungsa, dene raga iku jasad utawa badan wadhag kang katon. Yen jiwa lan raga isih dadi siji, tegese manungsa iku isih kadunungan urip. Wong urip ing jagad iki salugune antri mati. Sing langgeng iku urip ana ing akhirat. Mula aja nganti kowe urip ing jagad iki mung dadi bature karep," ngendikane Adipati Mandaraka marang Raden Rangga ing sawijining wektu.

Let sawatara sasi Raden Rangga mireng kabar yen ing Desa Patalan ana ula gedhe galake kagila-gila gawe geger. Kajaba ngentekake kewan ingon, uga gelem mangsa manungsa. Raden Rangga enggal budhal menyang Patalan nedya mbrastha ula mau.

Ulane bareng weruh ana manungsa nyedhak, tumuli nyander. Raden Rangga kagubet awake lan dicokot lengene. Raden Rangga sanalika adhem panas awake. Siga ngetog kadigdayan. Ula sing gedhene sapupune wong diwasa iku kena dicekel endhase, cangkeme disuwek. Sanalika ulane mati. Amarga kena wisa ula, lengene Raden Rangga tekan gulu abuh lan biru. Badane kraos lungkrah, ambegane ngangsur-angsur, mula kondure ditandhu dening wong-wong Desa Patalan. Tekan Kraton Mataram, Raden Rangga seda. (Desa Patalan papane Raden Rangga gelut karo ula saiki klebu wewengkon Kelurahan Prenggan, Kecamatan Kotagede-Red).

\*\*\*\*

## RADEN ANTASENA Seneng Guyon



Raden Antasena iku putrane Raden Wrekudara lan Dewi Urangayu. Kasatriyane ing Selamirah. Watake jujur, prasaja, seneng tetulung, lan seneng mbela bebener. Guneman karo sapa wae, basane ngoko. Digdaya sekti mandraguna. Bisa urip ing banyu lan dharatan. Awake ora tedhas ditamani landheping gegaman. Kadigdayane dumunung ing sungute. Sapa wae ketaman sungute, mesthi tekaning pati.

Raden Antasena putune Sang Hyang Baruna, dewaning samodra, kang nguwasan alaming banyu saisine, kahyangane ing dhasaring samodra. Wiwit cilik Antasena dititipake marang Sang Hyang Anantaboga ing Kahyangan Saptapralata (Saptabumi). Sang Hyang Anantaboga kagungan wayah, asmane Raden Antareja. Raden Antareja iku putrane Raden Wrekudara lan Dewi Nagagini. Antareja lan Antasena digulawenthah bareng dening Sang Hyang Anantaboga. Antasena duwe mitra karib (kadang sinorohwadi), jenenge Raden Wisanggeni.

Ing lakon Antasena Takon Bapa, Antasena sing jumedhul ing Taman Maduganda, dienggo tameng Petruk kanggo mbubarake Kurawa sing nedya nggagalake palakramane Raden Pancawala lan Dewi Pregiwati. Antasena seneng geguyon, nanging ing wektu-wektu tartamtu bisa temen-temen (serius) kebak wibawa. Antasena bocah nom sing ora seneng ropyan-ropyan. Dheweke seneng srawung karo kawula cilik.

Garwane Raden Antasena jenenge Dewi Janakawati (putrane Raden Arjuna). Peputra Raden Jayasena. Antasena lan Wisanggeni klangenane Sang Hyang Wenang. Patine Antasena ngarepake tumapake perang Bharatayuda. Lila ora menangi Bharatayuda, sauger wongtuwane (Pandhawa) menang perange. Dipandeng Sang Hyang Wenang, Antasena ilang saragane. (Mulyantara)

## ENY MS

### Malioboro Wayah Wengi

Gumebyar-gebyar lampune  
Mahanani padhang lan regeng swasanane  
Sarwa-sarwi nengsemake  
Nanging uga gawe blereng mriplate

Klumpukan titah saka kana-kana  
Ndesa, kutha, kepara mancanegara  
Kabeh katon sumringah  
Kaya ora ana sing urip susah

Malioboro wayah wengi  
Minangka saweneh papan panglipuring ati  
Ing Ngayojakarta, sing kondhang kutha budaya  
Mula aja gawe kuceme asma  
Kan thi laku ora pener, murangtata  
Ayo padha nengenake laku utama  
Jujur, grapyak semanak, angajeni pepadha  
Reregan samurwat, parkir samadya  
Murih sanak kadang sing padha sanja  
Kasengsem lan tansah kangen Ngayojakarta.

SanggarAtiLejar, Sumbersari Moyudan, Agustus2017.

### Pawartamu

Kemrosake banyu kali  
Nggawa atiku marang jaman kawuri  
Nalika sliramu lan aku budhal sekolah  
Mlipir turut kali, turut sawah  
  
Saiki wis luwih telung windu  
Aku ora nate ketemu sliramu  
Daktakokke pawartamu marang angin sing tansah

liwat ngarep atiku  
Nanging padha ora ngerti ana ngendi dunungmu  
Ing jagad maya uga dak goleki jenengmu  
Nanging panggah ora nemokake sliramu

Sawijining awan nalika srengenge gumlewang  
Ora ana lesus, ora ana udan  
Nanging kaya keprungu gludhug je jedheran  
Nalika dakrungu pawartamu  
:Tetela sliramu wis sauntara dadijenat

SanggarAtiLejarMoyudan,Agustus2017

### Aja Dumeheh

Aja dumeh lagi kuwasa  
Banjur ngiwakake ature kawula  
Aja dumeh dadi wong sugih  
Banjur ngremehake wong oran duwe  
Aja dumeh dadi wong pinter  
Banjur nyepelakake wong bodho  
Aja dumeh wong bener  
Banjur ngipat-ipat wong sing lagiluput

Urip iku cakra manggilingan  
Yenana wolak-walikane jaman....  
Sing kuwasa bisa dadi kawula  
Sing sugih bisa dadi mlarat  
Sing pinter bisa dadi bodho  
Sing bener bisa dadi luput  
Ooh...banjur kepiye....??  
Becike tansah ngati-ati  
:Anggone nggula wenthah ati

SanggarAtiLejarMoyudan,Agustus2017



EnyMurtiningsih  
Eny MS  
Sleman,15 Mei 1971  
PapunganVlllBlendungRt 07/Rw 22  
Sumbersari Moyudan Sleman Yogyakarta.  
085600325073

### AKSARA MURDA

Wujuding aksara murda, yaiku:

ମ୍ରା ନ୍ତର କ୍ରି ପ୍ରା ଲ୍ଲା ହ୍ରା ନ୍ତର ନ୍ତର

Aksara murda iku kanggone mung ana ing tata-prunggu, kanggo nulisi jejulukan asmane para luhur lan arane panggonan kang didalemi para gedhe mau.

॥ ମୁଣ୍ଡର ଗ୍ରାମ ପ୍ରାଦୁର ପାତାଳ ପାତାଳ ॥

Maune aksara murda iku kanggo nulisi apa bae, ora mung kanggo nulisi asmane para leluhur lsp. kang gandheng karo tata-krama, kayata:

ମୁଣ୍ଡର ଗ୍ରାମ ପ୍ରାଦୁର ପାତାଳ ପାତାଳ ଅଶ୍ଵ ଅଶ୍ଵ

Saiki panggonane aksara-murda iku (miturut tatanan Sriwedari) makewuhake, mulane wis akeh wong kang ora gelem migunakake aksara murda, awewaton:

1. Ora kabeh aksara Jawa ana aksara murdane.
2. Maune aksara-aksara murda iku kanggo nulisi apa bae, kang ora ngelingi tata-prunggu.

Kapethik saka "Aksara Djawa" 1956 kaca 28.

### Antologi Sastra Jawa Disbud DIY 2017

Dinas Kebudayaan DIY taun 2017 wis babar buku antologi sastra lan budaya Jawa cacah telu. Yaiku, "**Srawung**" (Antologi Geguritan), "**Tepung**" (Antologi Cerkak), lan "**Dunung**" (Antologi Esei). Isi Antologi dumadi saka riptane para pujangga sastra Jawa ing DIY. Pamrihe, supaya riptane para sastrawan ing DIY bisa dadi arsip karya budaya lan sumebar ing masyarakat. Para sastrawan Jawa DIY gumregah padha bebarengan urun anggitane. Pamaos Sempulur kang kasdu uga bisa nyuwun ing Dinas Kebudayaan DIY, kanthi lelahanan sawanci isih ana kang cumawis, amarga cacahing buku winates.



## MIRUNGGAN

၂၀၁၇



Anoman pun jadi tema tampilan peserta karnaval. Wayang bergerak di lintasan. (foto-dok Dispar Kota Yogyakarta)

# Wayang Dikarnavalke

KOTA Ngayogyakarta nembe wae mahargya ambal warsa sing kaping 261. Ambal warsane Kota Ngayogyakarta kuwi mau dipahargya kanthi maneka warna acara, ing antarane yaiku Wiwitan, Festival Rakyat Jogja, Pesta Sains Jogja, Garebeg Vespa, Jogja Fun Bike, Reresik Jogja, Reresik Sampah Visual, Panjat Pinang, Festival Kopi, Sapa Jogja Street Sculpture, Festival Kampung Wisata, Garebeg Pasar, Kenduri Jogja, Jogja Fam Trip, Wayang Jogja Night Carnival, lan Jenang Sungsuman. Acara kasebut ditindakake wiwit tanggal 7 September-11 Oktober 2017. Mligi kanggo kaleksanane Wayang Jogja Night Carnival minangka puncak rerangkening kabeh acara ditindakake ing dina Sabtu wiwit jam 18.00 -22.00 WIB kanthi rute wiwit saka Parkiran Mc Donald-Jl. Jenderal Sudirman-Tugu Jogja- Jl. Marga Utama-Jl. Kleringen.

WJNC 2017 ing Kota Ngayogyakarta iki mau dipeloni dening kabeh kecamatan sing dumunung ana ing Kota Ngayogyakarta sing gunggune ana 14 kecamatan. Saben kecamatan ngusung tokoh wayang idholane dhewe-dhewe kanthi kreasiné dhewe-dhewe. Kecamatan Umbulharjo ngusung lan mamerake tokoh Nakula-Sadewa, Kecamatan Gondokusuman nampilake Bathara Guru, Kecamatan Gedong Tengen-Wisanggeni, Kecamatan Ngampilan-Drupadi, Kecamatan Tegalrejo-Bhisma, Kecamatan Danurejan-Basukarno, Kecamatan Jetis-Puntadewa, Kecamatan Kraton-Subali lan Sugriwa, Kecamatan Gondomanan-Sukrasana lan Sumantri, Kecamatan Mergongsan-Suwida, Kecamatan Mantrijeron-Kumbakarna, Kecamatan Paku Alaman-Bathari Durga, lan Kecamatan Wirobrajan-Petruk Dadi Ratu.

Kaleksanane WJNC 2017 iki dibukak secara resmi dening Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwana X kanthi kaampingan dening Walikota Yogyakarta, Haryadi Suyuti. Sri Sultan Hamengku Buwana X ana ing sambutan resmine ing antarane dhawuh marang kabeh warga Ngayogyakarta supaya bias nggunakake pengetan ambal warsane Kota Ngayogyakarta iki minangka sarana kanggo

introspeksi bebarengan. Salah sijine langkah kanggo introspeksi yaiku kanthi tumoleh memburi, ngresepi sesanti konsep memayu hayuning buwana. Sultan ngajab kabeh elemen masyarakat Yogyakarta sing padha bias njaga Yogyakarta supaya ora mung dadi papan sing nyaman kanggo para pensiunan, nanging uga kabeh warga. Sultan uga paring sesanti kanggo tansah dieling-eling yaiku sajroning among suka tan kena lena ing duga prayoga.

Kejaba kuwi ing kalodhangan kuwi Walikota Yogyakarta, Haryadi Suyuti mratelakake rasa atur panarimane marang masyarakat sing wis kersa rawuh lan uga marang warga sing wis paring simpati kanthi dadi pasarta ing Wayang Jogja Night Carnival 2017. Haryadi Suyuti nyebutake menawa rerangkene acara HUT ke-261 tahun Kota Yogyakarta iki wis diwiwiti ing sasi sadurunge kanthi nganakake 21 acara (kegiatan), 42 panggung kesenian, 348 jinis seni pertunjukan, 6.440 pelaku seni, 620 UMKM lan puluhan ewu penonton. Walikota Yogyakarta ngajab supaya acara utawa kegiatan iki bisa mahanani kaendahane Yogyakarta sansaya sumunar ing ing kabeh keblat. Tema Bersama Membangun Yogyo dipilih marga peperintah anggone mbangun tansah tembayatan karo masyarakat wiwit saka kampung, perguruan tinggi, komunitas, lan pelaku usaha.

WJNC sing dadi acara taunan tumrap Kota Yogyakarta iki mujudake salah sijine acara sing tansah diantu-antu dening warga Yogyakarta. Ora jeneng mokal yen kawit 17.00 WIB dalan-dalan sing bakal diliwati rombongan karnaval wis dikebaké dening penonton. Ing acara iki ana telung titik display ing sadwaning rute sing diliwati, yaiku ing tilas Kantor Indosat, Tugu Pal Putih, lan ing sangarepe Kantor SKH Kedaulatan Rakyat. Supaya sing ndherék karnaval iki grengseng lan sansaya kreatif dhudhuk-dhudhuk, dhudhah-dhudhah potensi budayane ing saben kecamatan mula karnaval iki disayembarakake utawa dilombakan. Dene para Juri ing sayembara iki yaiku Octo Lampito, Afif Ghurub Bestari, Purwadmadji Atmadipurwa, Edial Rusli, lan Fajar Nugros. (abs)

Tokoh wayang -ditafsir ulang dan dimainkan sebagai art street. (foto-dok Dispar Kota Yogyakarta)

Kostum dan properti sebagai seni pertunjukan jalanan, tanpa kehilangan kewayangannya. (foto-dok. Dispar Kota Yogyakarta)



# Ki Mateb: Gayaku, Gaya Nusantara

K APAN ANA HARI WAYANG  
NASIONAL?

"Gayaku ki gaya Nusantara. Kabeh apik. Iki mau, gaya Surakarta, terus gaya Ngayoja, diteruske Jawa Timuran, sak yahmene kok bisa gonta ganti gaya. Gaya gendi wae apik kabeh.

Aku ya rumangsa melu duwe, kuwi ya duwekku. Umpamane nek aku mayang, rak ya oleh. Ta nanggo gaya Jawa Timuran. Kuwi yo duwekku. Ya tak nggo. Ya raketang sing dingo, sing dipetik, sing endi sing kepenak trap-terapane ing pakeliran. Cara mbanyumasan ra ketang sitik. Dadi ya komplit. Gaya pakeliran campur campur utawa kreatif gawe apa wae kuwi apik. Ning ya kuwi kudu kebak sangune, linambaran ngerti tenan. Ora awur awruan."

"Lha ngono kui terus pakeme piye? Rasah ngrembuk pakem, pakem kok dirembuk, marai ra rukun. Ming ngrembuk pakem terus ora nyambut nyambut gawe maria apa gunane pakem. Pakem kuwi dudu bab sing medeni, bola bali tak kandani ta, pakem kuwi mung ancer ancer, patokan wong ajar mayang. Lha mengko nek wis isa mayang, terus gawe cara lan upaya kepiye bisa gawe daya tarik. Ora kudu pakem terus. Wis ta, pakem cara Solo wutuh banget, sing nonton lak dha mulih. Dha turu "

"Mulane aku gawe gebrakan, ben aku diarani dalang mlumpat pager, ora pa pa. Tak akoni wong nyatane saiki aku ya di dhawuhi ya kui mulang ning ISI Surakarta. Institut Seni Indonesia Surakarta. Aku ki kaanggepi empu paripurna. empu sing duwur dewe. Ning ya dhosen sing bidhange ora cetha. Iya ora cetha, aku ki ning ngendi ngendi isa. Dadi aku mapan ning ngendi ngendi wis biyasa. Contone, saiki umpamane aku ki mulang sabet, mengko rampung aku mulang suluk, Ya ana sing njaluk. Pak Manteb, mriki paring tuladha suluk. Melu nggarap tugas akhir, ya gelem. Dadi aku ki ngendi-ngendi gelem."

Ki Manteb Sudharsono (foto-dok Disbud DIY)

"Wah, nek ngono blanjamu ya akeh? Blanja apa? Aku ki wis ora mengharapkan blanja. Aku ora golek dhuwit, ngono. Aku nek golek dhuwit aku nyambut gawe, mayang, adhek kono kuwi golek dhuwit tenan. Wong mayang ki ora ajeg mesti entuk dhuwit, ora. Lha kuwi nek mayang nggome wong nyewu apa entuk dhuwit? Mayang nggon sripah kok njaluk dhuwit. apa patut? Lehku mulang neng ISI Solo ki merga sejarah. Ana sejarahe. Laire ISI ki aku reti banget. Ngene lho, ceritane nalika taun 78, rikala semana durung dadi institut, jenenge isih PKJT, Pusat Pengembangan Kesenian Jawa Tengah. Pak Gendhon. Lha kuwi terus dadi ASKI Akademi Seni Karawitan Indonesia Surakarta, terus dadi STSI, Sekolah Tinggi Seni Indonesia. terus dadi ISI Surakarta, aku melu terus"

"Aku ora dadi mahasiswa, ning nyantrik karo Pak Gendhong Humardani. Ya sing ngedegke PKJT. Lha bareng aku ndherek Pak Gendhon. Nganti tamek ngangsu kawruh, karo dipisuh pisuhi, diujar ujari ning aku entuk ilmu. Dadi sing tak tindakake iki entuk entukanku saka ASKI, ya nganti tekan sak yahmene. nek aku iki mulang, dadi dhosen idep idep aku ki balekke, dharmaku nalika semana aku sinau ing PKJT. Entukku apa, tak balekke meneh karo bocah bocah mahasiswa. Mulane aku nek karo bocah bocah mahasiswa, aku crita gilo cah aku ki isa mayang kaya ngene biyen asalku ya seka ISI, ning nek biyen isih ASKI, aku melu terus"

"Mula aku tansah jumurung yen padha ngurip-upir wayang. Iki RRI Ngayogyakarta, Dinas Kebudayaan DIY, bengi iki wayangku kanggo penutupan festival wayang dunia, Jogjakarta Internasional Heritage Festival, tegese festival wayang-wayang dunia. Iki bareng karo Hari Wayang Dunia, pengetan hari wayang dunia. rikala semana ana ini kantor UNESCO Prancis aku ya dadi seksine, Wingi neng Solo wayangan nganti telung dina. Aku sing mucuki, aku sing mbuka, sing ngruwat..Ana dhalang seka Amerika. ngganti telung ndina telung bengi. Dhalange Bupati Tegal, Enthus, sing orasi dalang politik Sujiwo Tedjo. terus sing neng Semarang ki malah pitung bengi, piye? Aku sing mbuka. Aku ning Jogja iki sing nutup"

"Karo wayang dunia ki mesti aku ki ya tansah melu. Terlibat. Aku yo pancen legan golek momongan. Umpamane aku ki biyen ra nguthik uthik wayang, tak kira ya ra gemregah. Lha ning nyatane 14 taun ra ana apa-apa ki? Hayo. wiwit wayang entuk penghargaan saka UNESCO, penghargaan dunia, wayang adalah karya agung budaya dunia, kuwi taun 2003. Saiki 2017 ta? Tegese wis 14 taun aku ki nyuwun karo pemerintah, mbok iya ana katetpan Hari Wayang Nasional. Sing ana Hari Wayang Dunia, Kena apa, Hari Wayang Nasional ora ana? Durung ana wonten ketetapan saking pemerintah. Nganti sak yahmene ra diparingi ki kepiye? Piye ki? Apa aku ra entuk nggresula. Aku ki pelaku sejarah lho, pelaku budaya ki aku. Taun 2003 ki aku wis melu ngayahi tugas amrih wayang diakui dunia. Wektu iku, dhalang pirang pirang ditari ya ra gelem, sing gelem mung aku, Latihan telung sasi sing ngragati sapa? Ora eneng, aku ragat dhewe. Aku ki ora nggambleh kaya ngene ki nek mbiyen ora melu ngrekasa. Ganti saiki aku ki nggresula, ngresulaku ki ngene lho, wayang ki salah e apa ta ya? Wong aku nek njaluk dhuwit, ki babar blas ora. Pemerintah ki kok ora lek wis tanda tangan sjji sjiyya. Kok bangeten ta? Mangka hari batik ana, Hati Tari eneng. Hari Santri eneng, Lha kok Hari Wayang kok ra entuk, kebangeten ta?"

"Sabar ya. Sing sabar. Sabar piye? 14 tahun apa kurang sabar? Aku ki ya nggambleh, tanggal 28 kae, aku pentas eneng Diknas pusat aku ki matur karo Pak Menteri, Pak Muhamid Efendi, ngantek tak unggahke panggung, Jane wis pekewuh lho ora kersa. Pak Hari Wayang teng pundi? Kula ming ajeng matur nikau mawon pak. Kula mboten nyuwun napa napa, wayang sak sampunipun nampi penghargaan saking dunia, wayang nikau ajeng dinapake? Ajeng dibeta teng pundi? Mangga, kawigatosan saking pemerintah, kula mboten nyuwun napa napa pak, pun seratken mawon serat penetapan kagem Hari Wayang. pun nikau mawon."

"Saben tanggal 7 november mesthi wayangan. Tekadku nek ora ana kawigaten pemerintah aku gawe acara dhewe kok, ben, bareng kanca-kanca iki, acara dhewe, ragat ragati dhewe. Ora wedi melarat, demi wayang. Wis wayangan sedina sewengi, awane mahasiswa, bengine dosene, mayang dhewe." (pdm)

Ki Manteb Sudharsono (foto-dok Disbud DIY)

## MIRUNGGAN

ମିରୁଙ୍ଗା



Jalan Marga Utama nalika wi kebak tumekane dhalang cilik sa DIY (foto-singgih r)

# Sri Sultan HB X Tansah Jumurung Kupiya Tepung Srawunge Bocah Marang Wayang

WANCINE isih esuk. Dalan kidul Tugu, wis kebak papan lan piranti kanggo para bocah padha mayang. Ana panggung lan simpungan wayang. Ing kono uga ana gamelan. Ngarep panggung wus tumata jagrak pring ukuran cendek lan cilik, kang mengkone bakal kanggo para bocah mayang. Ble ketepa, saka nam-naman blarak, minangkan klasa lemek lungguhe para bocah. Ora wetara suwe, bocah-bocah padha teka dlidir, nyandhang Jawa lan nggawa wayang kardus. Tugu mangidul nganti tumekan lor gedhung kalawarti Kedaulatan Rakyat jejel riyel 1000 bocah kang wis siyaga mayang bareng. Ing pungkuring para siswa SD lan SMP kasebut wis tinata gamelan kang bakal ditabuh bocah-bocah saka grup Acapilli Mitirimin. Bareng Gubernur DIY lan para pungarsaning nagari ing DIY wis padha rawuh, gangsa munya, lan “1000 dhalang” padha wiwit ngayahi karya, mayang, nembang, lan jeogetan.

Ngarsa Dalem, Sri Sultan HB X, Gubernur DIY paring dhawuh marang para wong tuwa ing Ngayogyakarta padha kersa paring wulang marang putra-putrine, mligini kabudayan wayang. Bocah kudu dikulinakake tepung karo wayang, supaya ing tembene nuwuhake generasi kang duwe adeg-adeg kapribadhen kang adhedhasar budayaning bangsa. Sri Sultan HB X uga weling, anggone para bocah padha sinau utawa gegulang tepung wayang ora ninggal sifat lan kapribadhene bocak isih remen dolanan, suka pari suka, lan gegojekan kanthi merdika.

“Mula ora susah didhawuhi nganggo blangkon, surjan, lan keris. Ana ing adat tradisi, yen durung khitan tumrah kang kaikung, nggarap sari tumrah bocah putri, iku isih bocah lan durung perlu nganggo blangkon, surjan, lan keris. Sing putri ya durung perlu gelungan, tapihan, mengko mudhak bocah ribet solah tingakahe,” ngendikane Sri Sultan paring pitutuh.

Para bocah generasi mudha kudu diwanuhake marang kabudayan warisan leluhur kang bisa dadi sangu urip, jalaran wayang kebak ing wulang jati, tumuju urip luhur, urip kang migunai tumrap bangsa lan negarane. Sri Sultan sarujuk wulang kang sinandi ing wayang tansah kaudi lan kababar kanggo pamardining



Rembugan nunggu mayang bareng kawiwitan. (foto-singgih r)



pendhidhikan karakter. Mula anggone para bocah sinau mayang bebarengan ora ninggal kapribadene bocah. Wayang pancer sumber wulang kang tansah kagawe cundhuk marang mobah mosiking kahanan.

Sri Sultan ngendika mengkono nalika paring sabda marang 1000 bocah kang melu gelar "Sandhing Dhalang 1000 Bocah" ing Intenational Heritage Festival 2017 ing Jalan Marga Utama (Pangeran Mangkubumi) Yogyakarta. Sewu bocah lanang wadon saka Kabupaten Sleman, Bantul, Kulonprogo, Gunungkidul lan Kota Yogyakarta iku kabeh nyandhang Jawa lan nggawa wayang gaweyane dhewe utawa mundhut wayang kerajinan rakyat ing pasar-pasar tradhisional. Sadurunge padha dherek ingadicara mirungan iki, sewu bocah mau padha digladhi cara carane gawe lan jogetake wayang. Dene kang nglatin saka rombongan seniman Pardiman Djoyonegoro.

Ngarsa Dalem kagungan pangajab, bocah-bocah dikunakake tepun lan srawung karo budaya wayang. Ora winates bab wadhag wujuding wayang nanging uga seserepan kang ana ing wayang. Wayang bisa kanggo wulang kanggo memangun wateg lan kapribadhene bocah tumekan dewasa mengkone. (pdm)

Bocah wadon padha tembugan sadurunge mayang bebarengan. (foto-singgih r)  
Bocah wadon prasaja lan tulus mlu "Sandhing Dhalang 1000 Bocah" ing JIHF 2017 (foto-fid)